ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ЖОҚАРЫ ҲӘМ ОРТА АРНАЎЛЫ
БИЛИМ БЕРИЎ МИНИСТРЛИГИ

Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик
университети

**Пердебай Нуржанов**

# ҒӘРЕЗСИЗЛИК ДӘЎИРИНДЕГИ ҚАРАҚАЛПАҚ ПРОЗАСЫ

*("XX әсир қарақалпақ әдебияты" пәни бойынша
қосымша оқыў қолланбасы)*

«Билим»
Нөкис-2003

www.ziyouz.com kutubxonasi

83.3 (5Уз—6Қар)2

Н—87

**П. Нуржанов**. Ғәрезсизлик дәўириндеги қарақалпақ прозасы ("ХХ әсир қарақалпақ әдебияты" пәни бойынша қосымша оқыў қолланбасы)—Нөкис: «Билим» 2003, 76 бет.

**Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети Илимий кеңеси тастыйықлаған (2003-жыл, июнь)**

Бул оқыў қолланбасы университеттиң, пединституттың қарақалпақ тили ҳәм әдебияты қәнигелиги ушын мөлшерленген болып, "ХХ әсир қарақалпақ әдебияты", "Ҳәзирги әдебий процесс",магистратура факультетиниң "Әдебияттаныў" қәнигелигиндеги "ХХ әсир қарақалпақ әдебияты поэтикасы" пәнлериниң оқыў бағдарламаларына сәйкес жазылған. Қолланба ғәрезсизлик дәўириндеги қарақалпақ прозасының раўажланыў бағдарларын, оның көркемлик дәрежесин бүгинги күн талапларына сай үйрениўди мақсет етип қояды.

**Жуўаплы редактор:** Бердақ атындағы ҚМУ ҳәзирги қарақалпақ әдебияты ҳәм әдебият теориясы кафедрасы баслығы, *филология илимлериниң кандидаты, доцент* **Қ. Жәримбетов.**

**Пикир билдириўшилер:**

**З. Бекбергенова**—*филология илимлериниң кандидаты*, Н. Дәўқараев атындағы Тил ҳәм әдебият институтының аға илимий хызметкери;

**Ф.Салаев** — *филология илимлериниң кандидаты*, Бердақ атындағы ҚМУ өзбек әдебияты кафедрасы баслығы.

© «Билим» баспасы, 2003

www.ziyouz.com kutubxonasi

## КИРИСИЎ

XX әсирдиң соңғы он жыллығы да тамамланды. Бул ўақыт аралығында көп ғана елеўли ўақыяларды бастан кеширдик. Бурынғы СССР деп аталған тоталитар дүзимге тийкарланған қүдиретли мәмлекет ыдырап, оның орнында ғәрезсиз мәмлекетлер пайда болды. Өзбекстан Республикасы да өз ғәрезсизлигине ийе болды. Усы ўақыт ишинде елимиздиң экономикалық ҳәм руўхый турмысында үлкен ҳәм әҳмийетли ўақыялар жүз берди. Өзбекстан Республикасының халқы мәмлекетимиздиң келешекте дүньяның раўажланған еллериниң қатарынан жай алыўы ушын Президентимиз И.А.Каримов басшылығында аянбай дөретиўшилик мийнет етип атыр. Мине, усындай шараятта руўхый турмысымыздың ажыралмас бөлеги болған көркем әдебияттың бүгинги раўажланыўы қандай? Соның ишинде, белгили жетискенликлерге ерискен прозаның бүгинги жағдайы қандай? Оның раўажланыў дәрежеси бүгинги күн талабына жуўап бере ме? Бурынғы коммунистлик идеологияның әдебияттағы методологиялық қуралы болған социалистлик реализмниң тийкарғы принциплери болған партиялық, класслық идеялар ҳәм тағы басқа да усы сыяқлы қәлиплердиң қурсаўынан көркем сөз усталарымыз қутыла алды ма? Бүгин турмыс шынлығын сүўретлеўде көркем сөз усталарымыз нелерге, қайсы тәлийматқа, қайсы философиялық тийкарға жүгиниўи керек? Бурынғы марксистлик-ленинлик тәлиймат бүгинги прогрессив, демократиялық талапларға жуўап бере алмайтуғын болса, әдебиятшы-алымларымыз ҳәзирги көркем әдебий процессти қайсы методологиялық тийкарға сүйенип таллаўы керек? Ҳәм тағы бүгинги талаплардан келип шығатуғын сораўлар,



www.ziyouz.com kutubxonasi

сораўлар... Бирақ, буларға исенимли жуўаплар аздай. Анығырағы, биз әдебиятшы-алымлар, сыншылар бул сораўларға жуўап табыўға умтылып та атырған жоқтай көринемиз. Рус, өзбек, қазақ ҳәм тағы басқа бурынғы АЎқамның қурамына кирген миллет ўәкиллери бул сораўлар үстинде бас қатырып, өзлериниң теориялық ҳәм әмелий ҳәрекетлерин баслағанына, бул жолда белгили бир жетискенликлерге ерискенине бираз ўақыт болды. Олардың бул умтылысларының ҳәм изленислериниң жемиси сыпатында кейинги дәўирде көплеген илимий мийнетлер, брошюралар, мақалалар ҳ.т.б. жанрдағы илимий дөретпелер жарыққа шықты. Мәселен, Москва, Ташкент, Алма-Ата ҳ.т.б. қалалардың баспаларында: «Дружба народов», «Октябрь», «Звезда Востока», «Шарқ юлдузи», «Ўзбек тили ва адабиети», «Қарақум», «Адабиет кўзгўси», «Ёшлик», «Жалын», «Ўзбекистон адабиети ва санъати», «Марказий Осие маданияти» ҳ.т.б. журнал ҳәм газеталарда шығып атырған оғада қызықлы, терең илимий көз-қарастан жазылған ҳәр түрли жанрға тийисли илимий дөретпелер—бизиң пикиримиздиң дәлили.

XX әсир қарақалпақ әдебиятын, оның бир бөлеги болған қарақалпақ прозасын жоқары, орта арнаўлы оқыў орынларында, мектеплерде үйрениў бүгинги күнниң талабына жуўап береди—деп айтыўға болмайды. Мәселен, жоқары оқыў орынларына арналған "Қарақалпақ совет әдебияты" сабақлығының (Нөкис, "Қарақалпақстан", 1984) шыққанына да 20 жыл ўақыт болыпты. Қағаз қытшылығын сылтаўлап, тубалаўшылық дәўиринде жазылған усы сабақлықты XXI әсирде де студентлеримиз қоллана бериўи керек пе? Ямаса әмелий ҳәрекет ислеўимиз тийис пе?

Президентимиз И. А. Каримов: "Егер де биз гөнерген идеологиядан қутыла алмасақ, тоталитаризм дәўиринде жазылған оқыўлықларды пайдаланыўды даўам ете берсек, онда балаларымызды жаңаша ойлаўға үйрете алмаймыз... Бизлер оқыўлықларды дөретиўге әдиўли, прогрессивлик мәселелерди орынлағандай қатнас жасаўымыз керек..."



www.ziyouz.com kutubxonasi

«...Зәрүр болса, оқыўлықлар үлкен конкурстың тийкарында дөретилиўи керек», (1) —деп анық көрсетпелер берген еди.

Демек, исleniўи тийис жумыслар жүдә көп. Бирақ та, әмелий ҳәрекет оған сай емес. *Президентимиз И.А.Каримов* басшылығында исленген "Билимлендириў ҳаққында" Нызамның, "Билимлендириў ҳәм кадрлар таярлаў, ҳәр тәреплеме жетилиске н әўладты тәрбиялаў системасын түп тамырынан қайта қурыў ҳаққында" (2) Президент пәрманының шыққанына да бираз ўақыт болды. Буған биз исимиз бенен жуўап берип атырмыз ба? Мине, усы сораўлар қарақалпақ прозасының тәғдири менен де тиккелей байланыслы.

Оқыў қолланбасы алға қойған ўазыйпаларына байланыслы "Кирисиў", "Ғәрезсизлик дәўири қарақалпақ прозасының раўажланыў бағдарлары", "Жуўмақ" ҳәм "Пайдаланылған әдебиятлар" сыяқлы бөлим ҳәм бөлимшелерге ажыратылған.

Ҳәр қандай пәнди үйренгенде дәреклерге сүйенип үйрениў талап етиледи. Басқаша айтқанда, жарыққа шыққан көркем шығармалар туўралы кең мағлыўматларға ийе болыўымыз керек. Талабаларға қойылатуғын усы талапларды жеңиллетиў ушын қолланбаның "Қосымша" бөлиминде 1990—2003 жыллар арасында қарақалпақ жазыўшыларының жарыққа шыққан роман, роман-эссе, повесть, гүрриңлериниң библиографиялық көрсеткиши берилди.

Қолыңыздағы оқыў қолланбасында жоқарыда атап өтилген әҳмийетли мәселелердиң айырымларына жуўап табыўға ҳәрекет исленген.

## ҒӘРЕЗСИЗЛИК ДӘЎИРИ ҚАРАҚАЛПАҚ ПРОЗАСЫНЫҢ РАЎАЖЛАНЫЎ БАҒДАРЛАРЫ

Өзбекстан Республикасы ғәрезсизлик алғанға шекем көркем сөз усталарымыз, соның ишинде, прозаиклеримиз де белгили бир шекленген темалар әтирапында қәлем тербетип келгенлиги сыр емес. Мәселен, роман, повесть жанрында өз шығармаларын дөреткен авторларымыз, көбинесе, я алыс өтмиш ўақыяларына, я бирде Октябрь аўдарыспағы алдын-



www.ziyouz.com kutubxonasi

дағы ямаса сол дәўирдеги ўақыяларды сүўретлеўге умтылды. Бул жолда, әлбетте, олар белгили табысларға да еристи. Бирақ, бунда коммунистлик идеологияның тәсири басым болды. Мәселен, 1920-30-жыллардағы қыян-кести тарийхый ўақыялар, жәмәәтлестириў ҳәм советлестириўге байланыслы кеңес ҳүкиметинин жүргизген сиясаты ҳаққында ҳақыйқатлықты, ол дәўирдиң қарама-қарсылықлы ҳәдийселери ҳаққында шынлықты жазыў мүмкин болмады. Ал, егер бул темаға арналған дөретпелер жазылса да, олар сиясий қәлиплердиң шеңберинен шығып кете алмады. Бунықң тәсири жазыўшыларымыздың бир-бирине қарама-қарсы класслардың гүресине шеннен тыс итибар бериўлеринде, қарақалпақ урыўлары арасындағы алаўызлықты ҳәдден тыс бөрттирип көрсетиўлеринде, ийшанларымызға-бурынғы зыялыларымыз болған руўханийлердиң келбетине қара бояўларды аяўсыз жағыўында, жасалма конфликт жасаўға умтылыўшылықта, шора ҳүкимети ўәкиллерининң образын шеннен тыс идеалластырып сүўретлеўлеринде ҳ.т.б. көринди.

Әлбетте, Октябрь аўдарыспағы ҳәм жәмәәтлестириў дәўири темаларына арналған көплеген дөретпелер пайда болды. Олардың арасында сәтли жазылған, қарақалпақ прозасын пүткил Өзбекстан, ҳәттеки, бурынғы Аўқам көлеминде таныстқанлары да болды.* Бирақ та, олар санаўлы ғана еди. Оның есесине, XIX әсир аяғындағы ҳәм XX әсир басындағы, 1898-жылғы Таллық болысындағы, 1905-1907, 1914-1918-жыллардағы, сондай-ақ, 1919-жылғы халық көтерилиси, Октябрь аўдарыспағы алдындағы ҳәм оннан кейинги 20-30-жыллардағы халқымыз тәғдириндеги қыян-кести ўақыялар, 1943-жылғы драматизмге толы Қоңырат ўақыясы, трагедияға толы инсан тәғдирлерин сүўретлеў талап дәрежесинде болмады. Қуўдалаў темасы еле бурынғы жағдайында турыпты, —десек болады. Руўханыйларымыз, дөре-

*Биз Т. Кайыпбергеновтың " Қарақалпақ қызы", Ш. Сейтовтың "Халқабад", "Шырақшылар" ҳ.т.б. дөретпелерди нәзерде туттық.



www.ziyouz.com kutubxonasi

тийишилик интелигенцияның аянышлы тағдирлери еле талай шығармаға тийкар болыўы сөзсиз. Негизинде, тарийхшыларымыз XX әсирдиң қанлы ўақыялары жөнинде көп мағлыўматларды жүзеге шығарды. Бул бойынша бираз жумыслар исленди. Айырым тарийхшы илимпазларымыздың мийнетлери баспадан да шықты (4). Усыларды есапқа алсақ, XX әсир басындағы, *сондай-ақ 1920-30-жыллардағы тарийхымызға* тийисли бурын белгисиз болған көплеген мағлыўматлар жарыққа шықты хәм олар прозаиклеримиз алдында үлкен мүмкиншиликлерди пайда етти. Мәселен, 1929-жылғы қайғылы Тахтакөпир көтерилиси, оның себеплери, трагедиялық ақыбетлери, 1936-37-38-жыллардағы қуўдалаўларға байланыслы ўақыялар үлкен-үлкен романларға, повестьлерге тийкар бола алыўы сөзсиз. Хәзир бундай темаларға қол урыўға мүмкиншилик бар. Архив материалларын толық пайдаланыўға болады. Бирақ, күтилгендей нәтийже жоқ. Енди нени бәне етер екенбиз? Мүмкин, санамыздағы бурынғы, хәзирги дәўир ушын жарамсыз қағыйдалардан, қәлиплерден қутыла алмай атырғанлығымыз, ой-дүньямыздағы тубалаўшылық тийкарғы себеп болып атырған шығар. Егер де сапалы шығарма жазылса, оны жәриялаўға, әлбетте, ертели-кеш мүмкиншилик болады. Ал, жазылмаса-оған шара жоқ.

1990—2000-жыллардағы ири прозалық дөретпелерге итибар бергенимизде, биз жоқарыдағы сораўларға белгили дәрежеде жуўап тапқандай боламыз. Әлбетте, бул дәўирдеги ири сүйекли прозалық дөретпелердиң хәммесине өзимиздиң көзқарасымызды билдириўимизге бизиң мүмкиншилигимиз шекленген. Екинши тәрептен, көркем-эстетикалық сыпаты жағынан бул ўақыттағы хәмме дөретпелерди бирдей, жоқары көркем-эстетикалық талапқа жуўап береди,—дей алмаймыз. Сонлықтан да, биз әдебий процессте елеўли ўақыя болған, әдебият ықласбентлеринин дыққатын өзине тартқан роман, повесть, айырым жағдайларда гүрриңлерди талқылаў менен шекленемиз. Бунда бизге әдебий дөретпениң көтерип шыққан проблемасының әхмийети хәм оған көркем форманың



www.ziyouz.com kutubxonasi

сәйкеслиги баслы критерия болады. Бул әдебий категориялардың екеўи де бир-бирине сай болмаса, жазыўшының алдына қойған мақсетиниң иске асыўы қыйын. Буған қосымша, ҳәзирги дәўирде тек ғана реализм методының қурсаўында қалып қоймай, ал Батыс Европа, рус, ҳәттеки, түркий әдебий-эстетикалық ой-дүньясында жанланып қалған модернизм ҳәм абсурд әдебиятының дәстүрлерине деген жазыўшыларымыздың қатнасы да нәзеримизден шетте қалмайды. Себеби, адамзаттың ҳәзирги әдебий-эстетикалық ой-дүнясында реализм, модернизмниң түрли ағымлары, ҳәр түрли философиялық көз-қараслар, әсиресе, абсурд идеясының түрли көринислери бир-бири менен қарысып, ҳәзирги инсан баласының қурамалы келбетин, оның ишки дүньясының бар арпалысын, гүйзелисин көркем ҳақыйқатлыққа айландырыўға хызмет етпекте. Бул туўралы әдебиятшы илимпазларымыз өзлериниң ҳәр қыйлы пикирлерин билдирмекте (3).

Демек, биз ҳәзирги әдебий процессти таллаў бойынша айтылған бул пикирлерди есапқа алыўымыз керек. Буның үстине XX әсирдиң 90-жылларының басында Бурынғы Аўқам усаған тоталитар дүзимге тийкарланған мәмлекеттиң ыдыраўы, оның баслы идеологиялық қуралы болған коммунистлик ойлаўдың адамлардың санасынан әсте-әсте сығып шығарыла баслаўы, оның орнын адамзаттың әсирлер бойы жыйналған философиялық, этикалық, эстетикалық, ҳуқықый билим қорлары системасының ийелей баслаўы бизиң әтирапτағы жәмийетлик ҳәм тәбият қубылысларына, соның ишинде, турмысымыздың ажыралмас бир бөлеги болған көркем әдебиятымызға деген қатнасымызды да пүткиллей өзгертип жиберди десек, асыра силтеген болмаймыз.

Коммунистлик идеологияның әдебияттағы баслы қуралы болған социалистлик реализмниң искенжесинен қутылып, көркем сөз устазларымыз жәмийетлик турмыс ўақыяларын өзиниң бар ҳалында, түрлише, рәң-бәрәң жағдайында сүўретлеўге мүмкиншилик алды. Инсан руўхының қурамалы тәбиятын—оның умтылысын, сезим туйғысын—қуўаныш



www.ziyouz.com kutubxonasi

хәм қайғысын, көтериңки хәм түсиңки кейпиятын бериўде жазыўшыларымыз тек реализмниң сүўретлеў принциплери менен шекленип қалмастан, модернизм әдебиятының, сондай-ақ, дүньяға деген мифологиялық, мистикалық, иләхий көз-қарaслардың мүмкиншиликлеринен де пайдаланыўға умтылмақта. Мәселен, Т. Қайыпбергеновтың "О дүньяға атама хатлар", "Қарақалпақтың өз қалпағы менен сырласыўы", "Қәлбимниң қамусы", "Түркийнама", Х. Хамидовтың "Ушқын" (бул романның даўамы "Өз үйим" деген атама менен "Еркин Қарақалпақстан" газетасында жәрияланды), К. Алламбергеновтың "Дәрья тартылған жыллар", *К. Рахмановтың "Ақыбет" романларын*, *Амангелди* Халмуратовтың "Тәғдирлес", "Жәннет бағы", Х. Айымбетовтың "Қарабуўра", С. Исмайловтың "Жүрек галактикасы", "Бизлер бир үйде жасаймыз", "Пайғамбарлар хәм шайтанлар" атлы роман хәм повестьлерин, Х. Өтемуратова, А. Әбдиев, А. Турекеева, Г. Зайытовалардың гүрриңлерин алып қарайық. Бул дөретпелер көлеми, мазмуны хәм формасы, көтерип шыққан проблемасы, жанр хәм стили бойынша жүдә хәр қыйлы болыўына қарамастан, оларды бир нәрсе бирлестиреди. Ол да болса—турмыс хақыйқатлығын сүўретлеўдиң дәстүрий усылына тийкарланған көркем метод-реализмниң қағыйдаларына бағына бermестен, өзинше жол таўып, хәзирги адамлардың руўхый тәбиятын ашып бериўге умтылыў. Бул бағдарда жоқарыдағы авторлар реализмниң бай мүмкиншилигине қосымша дүньяға деген мифологиялық, мистикалық, фантастикалық көз-қарaслардың көринислеринен утымлы *пайдаланады. Буған қосымша, олардың* дөретпелерине романтикалық стилге тән болған көркем белгилер де енисип кетип, шығарманың мазмунының тартымлылығына, формасының рәң бәреңлигине ерисиледи.

Т. Қайыпбергеновтың жоқарыда аты аталған дөретпелери тек ғана қарақалпақ прозасында ғана емес, ал, пүткил түркий әдебий-эстетикалық ой дүньясында үлкен жаңалық болғанын атап өтиўимиз керек. Бул шығармалар миллий-эпикалық хәм



www.ziyouz.com kutubxonasi

XX әсир реалистлик прозасының дәстүрлериниң принциплерин бир-бирине синтезлестирип, оларды ҳәзирги шешилиўи тийис проблемалардың көркем жылнамасын дүзиўге деген жазыўшымыздың умтылысларынан дөреген. Биз олардың Орайлық Азия әдебиятында үлкен жанрлық, стиллик жаңалық болғанлығын айтып өтпекшимиз. Негизинде, жазыўшымыздың бул дөретпелерин изертлеўге әдебий шығарманы талқылаўдың дәстүрий усыллары әззилик ететуғынын, буның ушын дүнья, соның ишинде, рус әдебияттаныў илиминдеги елеўли ағым болған структурализмниң көркем дөретпени таллаў усылларын иске салыўымыз, әсиресе, оның белгили ўәкили М. Бахтинниң (5) роман жанрының теориясына арналған мийнетлериндеги полифония, диалогизация, стиллик көп қатламлылық, романлық сөз (романное слово), аўыз әдебияты ҳәм халық күлки мәдениятының (смеховая культура-Н.П.) өз-ара тәсири ҳ.т.б. мәселелерди қунт пенен үйрениўимиз, усыннан кейин ғана Т.Қайыпбергенов роман-эсселерин талқылаўға кирискенимиз мақул болады. Деген менен, жазыўшының бул дөретпелери 1980-жыллардың екинши ярымы ҳәм 1990-жыллардағы қарақалпақ әдебий-көркем прозасында үлкен орын ийелейтуғынлығын айтыўымыз керек.

✓ Қарақалпақстан халық жазыўшысы Т.Қайыпбергенов тек ғана қарақалпақ прозасында емес, ал, ҳәзирги Орайлық Азия халықлары әдебиятында биринши болып роман-эссе жанрын дөретти. Соңлықтан да, Өзбекстан халық жазыўшысы Ә. Якубов "Қарақалпақнама" дөретпесин жоқары баҳалап "Әййемги Түркстан әдебиятында биринши роман-эссе, XX әсир түркий әдебиятында болса, дәслепки нама"[1] деген еди. Бул дөретпе 1980-жыллары дөретилгени менен де, ол толық қайта исленип, 1997-жылы өзбек тилинде китап болып шықты. Ал, бул шығармаға М.Қашқарий атындағы Дүнья жүзилик сый-

[1]Койипберганов Т. "Коракалпокнома" Тошкент, 1997 й. 367-бет.



www.ziyouz.com kutubxonasi

лықтың берилиўи ғәрезсизлик жылларындағы қарақалпақ прозасында үлкен ўақыя болды. Буның үстине "Қарақалпақнама" ның арнаўлы түрде изертлениўи, усының нәтийжесинде жас әдебиятшы алым Б. Палўановтың кандидатлық диссертациясын жақлаўы да дыққатқа ылайық ҳәдийсе болып есапланады. Кейинги дәўирде бул роман-эссе туўралы пикир айтыўшылар оған ҳәр тәреплеме баҳа бере баслады. Мәселен, қарақалпақ әдебиятшысы К. Алламбергенов оны "Туңғыш қәдем, үлкен жаңалық" сыпатында баҳаласа ("Жас Ленинши", 1986, 16-октябрь). Ж.Есенов роман-эссениң новаторлық сырларына дыққат аўдарады.[2] Ал, филология илимлериниң докторы Қ. Камалов: "Қарақалпақнама"ны Ә. Капиевтиң "Жазыў дәптери", Р. Гамзатовтың "Мениң Дағыстаным", Т. Зульфикаровтың "Данышпанлар, патшалар, шайырлар", О. Чиладзе, В.Кимниң х.т.б. гейпара шығармалары менен жақынлығы, бул нәрсе роман-эсседе мифлерди, әпсаналарды, легендаларды, дидактикалық пикирлерди шеберлик пенен, миллий дәстүрге сәйкес қолланғанлығында көринетуғынлығы ҳаққында пикир билдиреди.[3]

Т.Қайыпбергеновтың "Қарақалпақнама" дөретпесиниң 1980-жыллардың ақырына келип рус тилинде жарық көриўи[4], әсиресе, оның 2 миллион 716 мың тиражда "Роман-газета" да басылыўы қарақалпақ прозасын пүткил дүньяға таныткан ўақыя болды. Соның ушын да, бул дөретпе жөнинде рус илимпазлары да қызықлы пикирлерин айтты. Биз Т. Влажанова,[5] Н.Костржевская[6] лардың пикирлерин нәзерде туттық.

---

[1] Палўанов Б. Қарақалпақ әдебиятында эссе жанры (жанрдың пайда болыўы ҳәм қалиплесиўи, шеберлик мәселелери) Нөкис—2002.

[2] Есенов Ж. Сөз қәдири әдебий сын мақалалар жыйнағы. Нөкис,—"Қарақалпақстан", 76-бет.

[3] Камалов Қ. Дала бүркити әдебий сын мақалалар. Нөкис,—"Қарақалпақстан",— 1990, 27-бет.

[4] Кайыпбергенов Т. " Каракалпакнамэ" Москва "Советский писатель", 1989.

[5] Влажанова Т. Примерим-ка черные шапки и попробуем понять душу и гордость народа. Союзь, 1990, №224, 4-бет;

[6] Костржевская Н. Заботы дома и заботы мира. "Литературное обозрение", 1993,№1-2.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ғәрезсизлик жылларында да Т.Қайыпбергенов әдебий-көркем прозамызды өзинин көркем форма, жанр ҳәм стиль саласындағы изленислери менен байытты. Бунын мысалы сыпатында оның "О дүняға атама хатлар"[1] роман-эссесин келтириўге болады. Бул дөретпе тиккелей Арал трагедиясына арналып, ол өзбек, француз тиллерине аўдарылды, усы арқалы пүткил регионға қәўип салған апатшылықтың көркем тарийхын жер жүзи халықларына мәлимлеўде үлкен хызмет етти. Дөретпени өзбек тилине аўдарған Р.Отаўли шығармаға жазған "Алғы сөз"инде жүдә дыққатқа ылайық пикирлерди келтиреди.[2] Ол Т.Қайыпбергеновтың бул дөретпени жазбастан алдын көп ғана Жер жүзилик конференцияларда шығып сөйлегенлиги, ҳәр қыйлы тиллерде, баспаларда мақалалар, очерклер, интервьюлеринин жарық көргенлиги, бул проблемаға дүнья жүзи жәмийетшилигинин пикирин қаратқанлығы, әсиресе, академик А.Сахаровтың жазыўшымызды қуўатлап, Москва трибунасынан шығып сөйлеўи, ҳәттеки, жазыўшымыздың бурынғы СССР хүкимети тәрепинен Арал трагедиясын сапластырыў ҳаққында арнаўлы қарардың қабыл етилиўинде хызметинин жүдә үлкен екенлиги ҳаққында жазады.[3]

Ғәрезсизлик дәўирине келип қарақалпақ прозасында роман-эссе жанрының тәўир-ақ раўажланғанлығының гуўасы боламыз. Егер де 1980-жылларда Т.Қайыпбергеновтың бул жанрда тек бир дөретпеси—"Қарақалпақнама" жарыққа шыққан болса, 1990-жылларда оның "О дүньяға атама хатлар", "Түркийнама", "Қарақалпақтың өз қалпағы менен сырласыўы", "Қәлбимнин қамусы" х.т.б. шығармалары пайда болды. Сонлықтан да, әдебиятшы Қ.Камалов: "Ал, жазыўшының "Қарақалпақнама" роман-эссеси, "Қәлбимнин қамусы", "Түркийнама" шығармалары оның дөретиўшилигинин жаңа басқышын қурайды. Енди бурынғы эпик жазыўшы Т. Қайып-

[1] Қайыпбергенов Т. О дүньяға атама хатлар. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1992;
[2] Койипберганов Т. Бобомга хатлар. Бадиа. Тошкент, «Ёзувчи», 1995;
[3] Сонда, 3-бет.



www.ziyouz.com kutubxonasi

бергеновтың орнына философ Қайыпбергеновты көремиз. Ол шығырмаларында халық легендалары менен анекдотлары, ертеклери, данышпанлардың пикирлери, өзиниң жеке пикирлери, тарийхый фактлер хәм тағы басқалар арқалы өмирдиң хәр қыйлы философиясы хаққында пикир айтады. Өмир шынлығын сүўретлеўдиң бул формасы бизиң әдебиятымыз ушын жаңалық. Бирақ, дүнья әдебиятында адамзат санасын, адамзат философиясын, этикасын, эстетикасын раўажландырыўдағы лирикалық хәм эпикалық сүўретлеўлер үлкен орын тутады"—деп орынлы түрде көрсеткен.[1]

Жазыўшының "О дүньяға атама хатлар" роман-эссеси хаққында өзбек илимпазы Ф.Насратдинов өзиниң "Орол бонг уради" атлы мақаласында былайынша пикир билдиреди: "Бобомга хатлар" китобини ўқиб, унда Т. Қойипберганов-нинг болалик давридан то пайғамбор ешигача босиб ўтган ҳает саргузаштлари, кўрган-кечганлари тўғрисидаги уй-фикрлари жуда равон тил билан талқин этилганлигига гувоҳ бўлдим"[2]. Расында да, жазыўшы бул дөретпесинде тәкирарланбас көркем форманы таңлайды—Арал трагедиясының ақыбетлери хаққындағы автордың қайғылы гүрриңин бул дүньядағы тири, жер басып жүрген адамлар тыңламағанлықтан, о дүньядағы атасына муражат етиўге мәжбүр болады. Демек, бизиң заманласымыз—жазыўшы менен оның марҳум атасы арасындағы сәўбет—өз алдына бир көркем усыл, бул нәрсе дәўирдиң, тоталитар жәмийеттиң адамлар басына салған трагедиялық ақыбетлерин сүўретлеўге хызмет етеди, соңлықтан да, авторлық идеяны оқыўшыға дәл, ашшы хақыйқатлығы менен қоса жеткериўге үлкен әхмийетке ийе.

Т. Қайыпбергеновтың және бир жаңа дөретпеси "Қәлбимниң қамусы"[3] деп аталады. Дөретпе автордың философия-

---

[1] Камалов К. Жазыўшы дөретиўшилигиниң өзгешелиги хаққында. "Еркин Қарақалпақстан", 1999, 19-октябрь;

[2] Қараңыз; " Ўзбекстон адабиети ва саньати", 1997, 21-март;

[3] Қайыпбергенов Т. Қалбимниң қамусы. «Әмиўдәрья». 1999, №3-4.



www.ziyouz.com kutubxonasi

лық ой-сезимлеринен ибарат, оған жазыўшы, «репортаж-эссе» деп жанрлық атама қойған. Бул шығарма ҳаққында жазыўшы өзиниң журналист М. Мирзо менен болған сәўбетинде жүдә қызықлы пикирлерди ортаға таслаған[1] Т. Қайыпбергенов өзиниң "Қәлбимниң қамусы" дөретпесине "Гүбирли-сыбырлылардан 8 дәптер репортаж-эссе" деп жанрлық ат берген. Тоталитар жәмийет ўақтында Арал регионы ҳаққында бар ашшы ҳақыйқатлықты ашық түрде айтыўға жазыўшымыздың мүмкиншилиги болмағанлығы, сол себепли, гүбирли-сыбырлыларға өткени турған гәп.

Т. Қайыпбергенов дөретиўшилигинде "Түркийнама" дөретпеси де белгили әҳмийетке ийе. Бул дөретпе автордың ядында қалған ўақыялар тийкарында жазылған. Сонлықтан да, жазыўшы: «...Ақырында, жаныма тынышлық бериў мақсетинде, ол (бул жерде жазыўшы менен емлеўханада бирге жатып, кейин биймезгил көз жумған әпиўайы қарақалпақ жигити нәзерде тутылады—Н.П.) қалай сөйлеген болса, дәл сол түринде, ядында қалғанлары бойынша қағазға түсирдим. Умытылғанлары болса оның руўхы, соңында қалған дос-яранлары, әўладлары кеширип қояр»[2]—деп жазады.

Жазыўшының «Түркийнама» дөретпесинде туўысқан түркий тиллес халықлардың ески тарийхын, өтмишин қайта қараў, олардың аўызбиршилигин қайта тиклеў, руўхый жақынлығын белгилеў ҳ.т.б. мәселелер де ортаға қойылады.

Т. Қайыпбергенов XXI әсир басында көркем формасы жағынан бурынғыға усамаған және бир дөретпени жарыққа шығарды. Ол "Жол жөнекей берилген асығыс сораўларға жуўаплар", деп аталады. Шығарма өзинде очерклик жанрға тән дәллик пенен публицистикалық сыпатты жәмлеў менен

---

[1] Қараңыз: Мирзо М. Жаңа жылда жаңа роман менен. "Ўзбекистон адабиети ва саньати". 1996, 5-январь.

[2] Қайыпбергенов Т. "Түркийнама" атлы китабымның пайда болыўы жөнинде "Еркин Қарақалпақстан", 1999.6-май.



www.ziyouz.com kutubxonasi

бирге аўыз-еки әдебияттың элементлерин де өз бойына сиңирип жиберген[1]

Т. Қайыпбергеновтың бурынғы Аўқам сыйлығына миясар болған, оның дөретиўшилигинде ең баслы шығарма болып есапланатуғын «Қарақалпақ дәстаны» трилогиясы ғәрезсизликтиң шарапаты менен және де өзбек тилинде жоқары сапада басылып шықты. Өзбекстан қаҳарманы, белгили шайыр А. Ориповтың "Қарақалпақ дәстаны" деген ат пенен "Халқ сўзи" газетасында жәрияланған мақаласында «М. Әўезов қазақ халқы, А. Қодирий өзбек халқы, С. Айний, тәжик халқы, Б. Кербабаев түркмен халқының әдебиятын раўажландырыўға қандай қалыс хызмет еткен болса, Т. Қайыпбергенов те *қарақалпақ халқының көркем әдебиятын раўажландырыўға* сондай үлес қосты» деген пикирди алға сүриўи пүткил миллий әдебиятымызға берилген үлкен баҳа болды. Бунын үстине аты жәҳәнге белгили қырғыз жазыўшысы Ш. Айтматовтың жазыўшымыздың " Қарақалпақ дәстаны" ҳаққындағы әдил пикириниң " Т. Қайыпбергеновке хат" деген атама менен "Правда востока" ҳ. т. б. орайлық газеталарда басылыўы ғәрезсизлик жылларындағы әдебиятымыз тарийхында айтарлықтай ўақыя болды.

Ш. Айтматов бул "хат" та жазыўшымыздың трилогиясын пүткил жәҳән әдебияты контекстинде таллап, оның миллий өзиншеллигине қалыс баҳа берген. Буған қосымша Президентимиз И. Каримовтың пәрманы менен Т. Қайыпбергеновка «Өзбекстан қаҳарманы» деген үлкен атақтың бериліўи пүткил қарақалпақ мәдenияты, әдебияты тарийхында умытылмас ўақыя болды.

Қарақалпақстан халық жазыўшысы, республикалық Бердақ атындағы сыйлықтың лауреаты Ш. Сейтов XX әсир қарақалпақ прозасының раўажланыўына салмақлы үлес қосты. Оның дөретиўшилигинде 1985-жыллардан кейин жаңа бир бағдар кәлиплести. Ол буған дейин «Көп еди кеткен

---

[1] Қайыпбергенов Т. Жол жөнекей берилген асығыс сораўларға жуўаплар "Әмиўдәрья", 2001, №1-2.



www.ziyouz.com kutubxonasi

тырналар», «Қашқын» («Адасқан ақ қуў»), «Ығбал соқпақлары» дөретпелерин, «Халқабад» тетралогиясының дәслепки еки китабын жарыққа шығарған болса, 1980-жыллардың екинши ярымына келип «Шырашылар» романын, «Жынаятлы исине қосып тигилсин» повестин, 1989-жылы тетралогияның «Өрдек қырғынынан соң», «Атлан шап» атлы китапларын, 1992-жылы «Жаман шығанақтағы Ақтуба» романын баспадан шығарды.

Ш.Сейтов «Шырашылар» романында Октябрь аўдарыспағы дәўириндеги адам тәғдирин пүткиллей жаңа философиялық көз-қарастан сүўретлеген. Усы жағынан Бул роман өзинен бурын қарақалпақ прозасында усындай темаға арналған дөретпелерден пүткиллей айырылып турады. Романда қаҳарманның ишки дүньясына тийкарғы дыққатты қаратыў турмыс шынлығын көркем шынлыққа айландырыўда баслы принципке айланды. Бул принцип романда стильлик доминанта дәрежесине көтерилди десек, асыра айтқан болмаймыз. Екиншиден, Октябрь аўдарыспағы темасы бул романда өзиниң пүткил жаңа сыпаттағы көринисин тапты. Бул қубылыс жазыўшының турмыстағы әҳмийетли мәселелерди ашыўда класслық принциптен илажы барынша бас тартып, улыўма адамзатлық пазыйлетлерге бет бурғанлығында көринеди. Бул бәринен де бурын романдағы Есжан ғарры, Кумингер образларында көзге тасланады. Үшиншиден, «Шырашылар» романында қарақалпақ әдебиятында бурын болмаған, болған жағдайда да төмен раўажланған усыл қолланылған әдебий қаҳарман автордың «қол астынан» шығыўға умтылып, салыстырмалы түрде оның менен тең ҳуқықлы субъект дәрежесине көтерилген. Төртиншиден, турмыс шынлығы автордың жақын жәрдемшилери болған айтып бериўши, гүрриңши, сондай-ақ, қаҳарманлардың тилинен сүўретлениўи романның жаңаша түрдеги баянлаў қурылысының пайда болыўына алып келди. Бул баянлаў усыллары бирбири менен биригип, автордың алға қойған идеясын жарыққа шығарыўға хызмет етеди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Романның ең соңғы өзиншеллигиниң күдирети сонда—сүўретленген ўақыялар көбинесе қаҳарманның санасы, баянлаўшының ишки ой-сезимлери, қуўаныш-қайғысы арқалы бериливи романның қурылысында көркем мәкан ҳәм көркем ўақыт категорияларының пүткил жаңа сыпатта көри-ниўине алып келген. Басқаша айтқанда, романда көркем ўақыт илажы барынша тезлетилген ҳалында берилген, яғный, бир мезгиллик ўақытка жетпис жылда болатуғын ўақыялар, ҳәрекетлер сыйдырылған. Романның терең философиялық мәниге атына "Өмирдиң бир ақшамы жөнинде роман"—деген қосымшаның тиркелиўи де бизге автордың өзине тән идеясын түсиниўге жәрдем береди.

Көркем психологизм әдебиятта қай ўақытта пайда болады? Жазыўшы турмыс шынлығын суўретлегенде ондағы барлық ўақыяларды қамтыўға умтылмайды, ал белгили турмыслық ҳәрекетлерге, ўақыяларға, адам өмириниң анаў я мынаў тәрепин нәзерге алыўға көбирек кеўил бөледи. Усы көз-қарастан, турмыстағы барлық ўақыялар, мәселелер көркем психологизмди пайда ете бермейди. Көбинесе, характердиң идеялық, әдеп-икрамлылық, философиялық тәбиятын ашыўға негиз болатуғын мәселе ғана көркем психологизмди талап етеди. Сонлықтан, бундай әдебий проблема ҳәзирги әдебияттаныў илиминде идеялық, әдеп-икрамлылық проблематика деп аталады. *Бунда тәбийий түрде адамның шахс сыпатында* аяққа турыўы оның өмир философиясының басқа бир қәдириятлар системасы менен соқлығысыўы тийкарында әмелге асады. "Шырашылар" романындағы идеялық, әдеп-икрамлылық проблемасы әдебий қаҳарман Кумингердиң тилинен баянланатуғын: "Бабай, билип қой, мен де шырашыман. Сен дәрьяға шыра жақсаң, мен адамның көкирегине шыра жағаман" ямаса Есжан ғарры тилинен баянланатуғын: "Адамның көкирегине адам шыра жағыўы зәрүр. Көкиреги жарық адам қараңғыда да жол таўып, адаспай жүре алады. Жақсы менен жаманның айырмашылығын жарық пенен көре алады"—деген сөзлер менен белгилеў мүмкин болса, бул



www.ziyouz.com kutubxonasi

жуўмаққа романның бас қахарманы Есжан ғарры бирден келе бермейди.

"Шырашылар" романындағы әдеп-икрамлылық проблемасы турмыс шынлығын сүўретлеўде көркем психологизмди талап еткен болса, оның хәр түрли усыллары болған ишки монолог, диалог, авторлық сыпатлама хәм тағы басқалар Ш. Сейтовтың сүўретленген дәўирдиң бар хақыйқатлығын ашыўдағы өзиншелигин көрсетеди.

Жазыўшының улыўма дөретиўшилигин келешекте де усы бағдарда изертлеў қарақалпақ әдебияттаныўы алдында турған кешиктириўге болмайтуғын ўазыйпалардың бири болып табылады.

Тереңирек изертлеп қарасақ, Ш. Сейтовтың 1985-жылларға шекемги жазылған дөретпелеринде жазыўшының ишлей толық еркин болмағанлығы, оған тоталитар дүзим идеологиясының қурсаўы өз имканиятын толық ашыўға мүмкиншилик бермегенлиги, соңлықтан да, көп ғана идеяларды шығармаларда жумбақлап, көркем текст қатарлары артына жасырып бергенлиги, көбинесе, оқыўшының интуициясына сүйенип, айырым ўақыяларды келте қайырымлаў етип сүўретленгенлиги сезилип турады. Әсиресе, бул нәрсе "Халқабад" романының "Шар бузыў", "Машақатлы асырымлар" атлы романларында толық сезиледи — автор сол ўақытта үстемлик етип турған коммунистлик идеологияның тәсиринде көбирек болғанлығы байқалады. Мәселен, жәмәәтлестириў, советлестириў ўақыялары, қуўдалаў х.т.б. қадаған етилген темаларға болған автордың қатнасынан бул нәрсени байқаўға болады. Сонда да, автордың большевиклердиң сиясатын әшкаралаўшылық позициясы бул романлардың көркем текстине жасырылып берилгенлиги сезилип турады. Ал тетралогияның 3-4-китапларында Ш. Сейтовтың өз концепциясын ашық түрде бергенлиги айқын сезиледи. Усы жерде соны айтыў керек, көркем прозамыздың раўажланыўына салмақлы үлес қосқан Ш. Сейтовтың дөретиўшилигиниң изертлениў жағдайы бүгинги күнниң талап дәрежесине жуўап



www.ziyouz.com kutubxonasi

бермейди. Бул жерде биз көркем дөретпени баҳалаўда миллий-эстетикалық ойдың бурынғы қатып қалған стереотиплерден, догмалардан қутыла алмай атырғанлығын атап өткимиз келеди: Көркем шығармаға жәмийетлик қубылыс сыпатында қаралып, ал оның эстетикалық тәбиятының өзиншеллиги есапқа алынбады. Негизинде, Ш. Сейтов прозасының поэтикасы, көркем эстетикалық қунлылығы ашып бериліўи керек.

Әлбетте, жазыўшы дөретиўшилиги бойынша С. Ахметов, Қ. Мақсетов, С. Баҳадырова, К. Мәмбетов, Ж. Нарымбетов, Қ. Камалов, К. Алламбергеновлардың айырым мийнетлери бар. Сондай-ақ, кейинги дәўирде Ж. Есенов, Қ. Жәримбетов, Х. Өтемуратова, А.Султанов, П. Нуржановлар өз пикирлерин билдирди. Деген менен жазыўшы дөретиўшилиги ҳәзирги күн талабынан келип шыға отырып арнаўлы изертлеўди талап етеди.

Негизинде, Ш.Сейтовтың "Халқабад" тетралогиясы жазыўшы дөретиўшилигинде баслы орынды ийелейди. Онда қаҳарманның ишки дүньясына тийкарғы дыққатты қаратыў— көркем психологизм турмыс шынлығын көркем шынлыққа айландырыўда айрықша орын тутады. Тетралогияның "Шар бузыў" (1977) деп аталған биринши романының өзинде-ақ жазыўшының ўақыяларды баянлаў техникасын шебер меңгергенлиги сезилип турады. Роман ўақыялары автордың жақын жәрдемшиси болған баянлаўшы тәрепинен избе-из баянлана берместен, биресе, совет ҳүкиметиниң қас душпаны болған, өз мақсети, идеясына ийе Избасқанның, биресе, өзиниң беккем позициясына ийе емес, аўмақай Толыбайдың, биресе, сабырлы, үлкен тәжирийбеге ийе Қунназар ақсақалдың, биресе, тез пейил, қызба Сайымбеттиң х.т.б. қаҳарманлардың өзлерине тән тил өзгешеликлери арқалы бериледи. Бундай усыл сүўретленип отырған 1928-30-жыллардағы дәўирдиң бар қарама-қарсылығын ашып бериўде шешиўши роль ойнаған. Буның үстине ҳәр бир қаҳарманның тек өзине тән индивидуаль тили сүўретленип атырған



www.ziyouz.com kutubxonasi

ўақыяларға деген олардың позициясын, көз-карасын бериўге мүмкиншилик жаратқан. Ал, бул нәрсе өз гезегинде жеке меншиклик сана менен жәмийетлик сананың гүресин сүўретлеўде, хәр қыйлы көз-қарaслардың, позициялардың "Шар бузыў" романының көркем қурылысында қарысып кетиўине, уллы рус илимпазы М. Бахтинниң тили менен айтқанда, романның көркем текстинде полифония ("көп даўыслылық") қубылысының пайда болыўына алып келген. Бул қубылыс дәслеп, Т. Қайыпбергенов романларында қәлиплескен болса, Ш. Сейтов прозасында өзиниң буннан былайғы раўажланыўына ийе болды. Бунық "Шар бузыў" романында қолланылыўы 1928-30-жыллардағы қарақалпақ аўылындағы жәмәәтлестириў, советлестириў жолындағы драматизмге толы ўақыяларды сүўретлеўге хызмет етеди хәм оларды оқыўшының санасына жеткериўге мүмкиншилик берген.

Ш. Сейтовтың «Халқабад» тетрологиясын бахалаўға хәзирги ғәрезсизлик заманының көз-қарасынан жантассақ, бурын әдебий сынның ондай итибар бермеген, итибар берсе де, әдебий талқыға тартыў мүмкиншилигине ийе болмаған тәреплериниң бар екенлигине исеним хасыл қыламыз. Мәселен, бул үлкен дөретпениң дәслепки еки романы болған «Шар бузыў», «Машақатлы асырымлар» дөретпелеринде Шора хүкимети ўәкиллери тәрепинен иске асырылған колхозға зорлап киргизиў, орта дәрмиян хожалықларды хәр тәреплеме қысыў, салық жыйнаў сиясатындағы бийбастақлықлар автор тәрепинен бир қанша қыпсаланыңқырап болса да сүўретленгенлигиниң гүўасы боламыз. Екинши тәрептен, Шора хүкиметиниң жәмәәтлестириў хәм Кеңес хүкиметиниң беделен арттырыў жолында көп ғана жиберген кемшиликлери нәтийжесинде жергиликли халық арасында наразылықлардың пайда болыўы романда анық сезилип турады. Бул, әсиресе, қахарманлардың диалогларынан белгили. Мәселен, 1929-жылғы Тахтакөпирдеги Жәлий Мақсым басшылығындағы көтерилис хаққында автордың анық позициясы бар.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Мәселен, «Халкабад» тетралогиясының 1989-жылы баспадан шыққан 3-4-китапларында («Өрдек қырғыннан соң», «Атлан шап») сүўретленип атырған ўақыяларға деген Ш.Сейтов позициясының тәўир-ақ өзгергенлигин сеземиз. Автор 1937-жылғы Сталинлик репрессия ҳаққында өзиниң көз-қарасын батыл ҳәм ашық түрде берген. Бул нәрсе баянлаўшының сөзинен, қаҳарманлардың монолог ҳәм диалогларынан анық көринеди. Мәселен, тетралогияның үшинши китабы Нөкис қаласына жақын жердеги «Таслақ»*тың шыжғырған ыссыдағы қатал тәбиятын* сүўретлеўден басланады да, оған романның қаҳарманлары Мәдияр менен Сайымбеттиң 1937-жылғы Сталинлик репрессия ҳаққындағы диалогы енисип кетеди.

«...НКВД ның қулағы жердиң қулағынан да көп. Мудамы ... қорқып, күлип жүргениң. Қорқып күлген соң күлки болды ма, қорқып сөйлеген соң сөз болды ма. Қарап турсаң, еркин сөйлеў, еркин күлиў деген қалып баратыр. Биреўди биреўге аңлытып қойған заман бул. Енди бунның қаяғы еркинлик болды. Бүгин көргениң ертең жоқ...

Сайымбеттиң даўысынан әри ашыў, әри муң, әри нарыйзалық аңланады...

Мәдиярға тағы бежирейип қарады, соң әлле неден гүманланғандай гәпиниң артын жутып жиберди. Оның бул тәсирлениўлерин, гүмансыраўларын Мәдияр да абайламай қалған жоқ. Лекин, Мәдиярдың өзи де Сайымбетке сезиклениңкиреп қарады. «Таслақтың аўлағында маған алдам-қалдам сөз айтыўын қара! Заманға тил тийгизиў Сайымбетке питкен қәсийет емес!» (Сейтов Ш. Халқабад. (Өрдек қырғыннан соң», 3-китап, Нөкис, "Қарақалпақстан", 1989, 6-бет).

Романның текстинен көринип турғанындай, Ш.Сейтов 1937-жылғы Сталинлик репрессиядан кейинги жағдайды күтә шебер сүўретлеген. Бир-биреўге исенбеўшилик, гүмансырап қараў, қорқыныш х.т.б. сезимлер сол дәўирдиң ажыралмас бөлеги болғанлығы шығармада анық көринеди. 1937-38-*жыллардағы ўатанымыз тарийхындағы қыян-кести ўақыялар,*



www.ziyouz.com kutubxonasi

олардың адамлар тәғдириндеги ақыбетлери, келешек әўладтың өмир жолындағы қалдырған излери Ш.Сейтовтың «Халқабад» тетралогиясына кирген «Өрдек қырғынынан соң» романындағыдай етип қарақалпақ прозасында еле сүўретленбеген еди. Бундай болыўының себеби коммунистлик идеологияның сызып берген жолынан көпшилик жазыўшыларымыздың жақынға шекем шыға алмағанлығы болып табылады. Ал, ғәрезсизлик заманының леби еле есе коймаған дәўирде-ақ Ш.Сейтов "Өрдек қырғыннан соң" романында бул теманы терең сүўретлей билиўи жазыўшының ўатанымыз тарийхына садықлығынан, оның өмир сүрип турған идеологиялық догмаларға бағынбағанлығынан дәрек береди.

Тетралогияның соңғы бабы "Жигирма тоғызыншы бап, ямаса соңғы сөз орнына соңғы сөйлесиў", деп аталып, бунда шығарманың бас қахарманларының бири Мәдияр баслықтың, тилинен төрт романға кирмей қалған айырым әҳмийетли ўақыялар шебер түрде бериледи. Кексе жастағы Мәдияр менен автор арасындағы гүрринлесиў тап 1950-60-жыллардағы ўақыяларды да "Атлан шап" романының қурылысына сиңдирип жибериўге мүмкиншилик берген. Бунда автордың баянлаў техникасын жүдә шебер ийелегенлиги сезилип турады. Себеби, Мәдиярдың соңғы романда ҳәм қаҳарман, ҳәм ўақыяны баянлаўшы сыпатында қатнасыўы сүўретленип атырған дәўир ўақыяларының шеңберин кеңейтиўге алып келген.

Улыўма алғанда, Қарақалпақстан халық жазыўшысы Ш. Сейтовтың "Халқабад" тетралогиясын ғәресизлик заманының талабына сай изертлеў, дөретпениң эстетикалық тәбиятын, поэтикасының өзиншелиги ашып-бериў ҳәзирги күнниң әҳмийетли мәселелериниң бири.

1990-жылларға келип Ш.Сейтов қәлеми және де өткирлести. Оның 1992-жылы баспадан шыққан "Жаман шығанақтағы Ақ туба" романын роман-трагедия деп атаўға болады. Елимиздиң тарийхындағы 1950-жыллардан кейинги дәўирди—дерлик ярым әсирди қамтыған бул роман тоталитар



www.ziyouz.com kutubxonasi

дүзимниң бар иплаcлық тәрепин, ондағы инсан тәғдириниң бар аянышлы жағдайын майда-шүйдесине шекем суўретлеўи жағынан XX әсир қарақалпақ прозасында елеўли ўақыя болды. Ш.Сейтовтың бул дөретпесинде Батыс Европа әдебиятындағы абсурд әдебиятының излерин, оның Қарақалпақстан шараятындағы көркем үлгисин толық көриўге болады. “Алғы сөз” де дурыс көрсетилгениндей, романда “... жеке ҳүкимиранлық, ийесизлик жылларында әптер-тәптер болып әбигерленген хожалықларын, биреўди биреў езген, биреўди биреў тонаған, ҳәмме өз тәғдирлерин тек жоқарыдағыларға тапсырып, солардың ғана изинен соқыр ҳәм шексиз исеним менен ере берген тубалаўшылық жылларындағы адамлардың мәңгүрлик психологиясы, аянышлы тәғдирлери сөз етиледи. Нызам өз күшин жоғалтқан, я қуры қабыл алынғаны менен ол инсан ҳуқықын қорғай алмаса, адамлар өшти өзи алыўға өтип, түрли жаўызлықлардың, мийримсизликлердиң ҳәм шерменделиклердиң ҳәўиж ала беретуғыны тартымлы тил, қызықлы ўақыялар арқалы суўретленеди”.[1]

Романды оқып отырып, жеке ҳүкимиранлық дәўириндеги Қарақалпақстандағы шараят Батыс Европа әдебиятының абсурд романларында суўретленген шараяттан төмен болса төмен, бирақ жақсы емес екенлигине исеним ҳасыл қыласаң. Бундай салыстырыў тосыннан емес. Себеби, Европада XIX әсирдиң ақыры XX әсирдиң басында модерн романшылығы жүзеге келди. Олардың жарқын ўәкиллери болған Ж. Жойс, М. Пруст, Н. Саррот, А. Камю, рус әдебиятында XX әсирдиң 20-жылларында М. Булгаков, М. Замятин, А.Платонов ҳ.т.б көркем прозада модерлик бағдарға тийкар салды. Бул стиллик бағдардың ғәрезсизлик дәўири өзбек романшылығына тийгизген унамлы тәсирин изертлеген илимпаз З. Пардаеваның көрсетиўинше “Модерн романларининг қаҳрамонлари том маънодаги индивидуал шахсиятга эга бўлиб, уларнинг

[1] Сейтов Ш. Жаман шығанақтағы Ақтуба. Роман. Нөкис, "Қарақалпақстан", 1992, 2-бет.



www.ziyouz.com kutubxonasi

уй-хаёллари, бетизгин мулоҳозалари улар яшаётган бадиий ҳаёт талқини орқали реал ҳаёт, реал воқеликни англашимизга ёрдам беради. Жаҳолат одамлар истакларини нафақат эговлайди, балки, уларни ёвуз ниятларга қул қилади, шу билан бирга, уларнинг кўксига қабоҳат уруғини сочади. Емонлик негизида фақш, зулм, ёвузлик униб чиқади. Тушкунлик кайфияти, эртанги кунга ишончсизлик ортади, қаҳрамон гуё ўз қобиғига беркиниб олади,... мушкул вазиятдан чиқиш йўлларини тополмайди. Иложсизлик уни қийин аҳволга солган ижтимоий тенгсизликка нисбатан унда нафрат уйғотади. Ҳар қадамда, ҳар сонияда ўзига нисбатан қилинаётган зулм унинг қалбида ниш ура бошлаган тубанлик учун гуё допинг вазифасини ўтайди. Шу тариха, қаҳрамоннинг жамиятдан "бегоналашуви" юз беради.[1]

Изертлеўши бундай шараятты шебер суўретлеген модерн романларының қатарына М. Пруттың "Жоғалтылған ўақытты излеп", Ф.Кафканың "Қорған", "Жөнелис", Жан Пол Сартрдиң "Азатлық жоллары" ҳ.т.б. шығармаларын киргизеди. Расында да, аты аталған романлардағы шахс пенен жәмийет ортасындағы бослық, жәмийетлик қарама-қарсылықлар менен индивид психологиясы ортасындағы келиспеўшилик әйне модерн бағдарында талқыланады. Батыс әдебиятындағы усы дәстүр ғәрезсизлик дәўириндеги өзбек романшылығында Оман Мухтардың "Минг бир қиёфа", "Кўзгу олдидиги одам", "Тепаликдаги хароба", Х. Дўстмуҳаммаднин "Бозор", Т. Рустамнинг "Капалаклар ўйини" атамасындағы прозалық дөретпелеринде сәўлеленген болса, бул әдебий дәстүр қарақалпақ романшылығында Ш.Сейтовтың "Жаман шығанақтағы Ақ туба", К. Рахмановтың "Ақыбет", А. Әбдиевтиң "Жин-жыпырлар уясы", Т. Халмуратовтың "Қырық буўын" х. т. б. романларда өзиниң даўамына ийе болды.

---

[1] Пардаева З. Хозирги ўзбек романшилигининг тараққиёт томойиллари. Филология фанлари доктори илмий даражасини олиш учун тақдим этилган диссертация авторефарати. Тошкент, 2003, 4-бет



www.ziyouz.com kutubxonasi

Әсиресе булардың ишинде Ш. Сейтовтың «Жаман шығанақтағы Ақ туба» романының орны өз алдына. Бул романды жаңа заманның көз-қарасынан арнаўлы, терең түрде изертлеў ҳәзирги қарақалпақ әдебияттаныў илиминиң алдында турған ўазыйпалардың бири. Әсиресе, романдағы трагедиялық ҳәм комедиялық сыпатлардың биригип, сол дәўирдеги турмыстың ащшы ҳақыйқатлығын ашып бериўге хызмет етиўи, дөретпедеги аўызеки әдебият дәстүрлериниң раўажланыўы, образлар дүньясының өзиншелиги ҳәм тағы басқа мәселелерди Орайлық Азия халықлар әдебиятлары контекстинде изертлеўдиң ўақты жетти деп ойлаймыз. Бунда түркий тиллес әдебияттаныў, рус ҳәм жәҳән халықлары әдебият-эстетикалық ой-дүньясындағы жетискенликлерди пайдаланыў ҳәзирги заманның талабы болып есапланады.

Белгили жазыўшы, киносценарист, әдебиятшы Алпысбай Султановтың «Дөҳмет» романында қуўдалаўға ушыраған ҳәм биймезгил көз жумған ел азаматы Аллаяр Досназаровтың көркем образы қарақалпақ әдебиятында биринши мәртебе кең эпикалық жобада ашып берилген. Бул роман ғәрезсизликтиң шарапаты арқасында жәрияланды.[1] Бул романды жазарда автор тәрепинен «Прототип туўралы архив ҳүжжетлери, оны көрген адамлардың еске түсириўлери, қаҳарманның өзиниң хатлары дыққат пенен үйренилген»[2], жазыўшының бул жолдағы изленислерин толығы менен қоллап-қуўатлаўға болады. Себеби Қарақалпақ мәмлекетшилигиниң тарийхында Аллаяр Досназаровтай болып, халық ушын қалыс хызмет ислеген тарийхый шахсты табыў қыйын, оның өмири қарама-қарсылықлы, қайғылы ўақыяларға толы. Ол—Сталинлик репрессияның қурбаны. Оның көркем образын жаратыўға жазыўшыларымыз жақынға шекем жүрек ете алмаған еди. А. Султанов бул ўазыйпаны ағла түрде орынлады. Талқыланып отырған романнан басқа ол А. Досназаров жөнинде

[1]Султанов А. Дөҳмет. Роман. «Әмиўдәрья», 1996, 5-б.

[2] Өтемуратова Х. Қарақалпақ тарийхый романының поэтикасы. Монография. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1997,. 17-бет.



www.ziyouz.com kutubxonasi

ҳүжжетли фильм жаратты. Бирақ, оны көпшиликке көрсетиў мәселеси жолға қойылса жақсы болар еди.

1990-жыллардан кейин белгили жазыўшы Г.Есемуратова жүдә жемисли иследи. Ол буған дейин де "Дуўдендеги дәптер", "Жийрен" ҳ. т. б. шығармалары менен оқыўшылар жәмийетшилигиниң кеўлинен шыққан болса, оның "Сайланды шығармалары"ның еки томлығының (1-том-1995, 2-том-1997) жарыққа шығыўы әдебиятымызда елеўли ўақыя болды. Бул томларға бурын өз алдына китап болып шықпаған "Қызым саған айтаман", "Келиним сен тыңла" "Қарақалпақ қызларының кестеге түскен романлары", "Гөнерген сүренлер" ҳ.т.б. ири сүйекли дөретпелери ҳәм гүрриңлери киргизилген. Биринши томға Қарақалпақстан халық шайыры И. Юсупов, екинши томға белгили шайыр С. Ибрагимов "Алғы сөз" жазып, Г. Есемуратова дөретпелериниң характерли белгилерин жүдә ықшам түрде сыпатлап берген.

Г. Есемуратова ғәрезсизлик дәўириниң мүмкиншиликлеринен өнимли пайдаланып, қуўдалаў темасын, тоталитар жәмийеттеги әдилсизликлерди, инсан тәғдириниң аянышлы жағдайларын, зорлық-зомбылық, немқурайдылық ҳәм т.б. мәселелерди сүўретлеген "Бир шаңарақ тарийхы" ("Әмиўдәрья" 2003,№1) "Минайым" ("Қарақалпақстан жаслары", 2003, май-июн), "Устазлардың устазы" повестьлерин, "Ҳәсирет", "Архив", "Қара пышықтың ылайсаңы" ҳ.т.б. гүрриңлерин дөретти. Жазыўшы дөретпелеринде сүўретленген ўақыялар турмыстың ашшы ҳақыйқатлығынан алынғанлығы, көп жағдайларда оларда автобиографиялық сыпатлардың басымлығы, автор позициясының ашықлығы аттан анық билинип турады.

Ғәрезсизлик жыллары Орайлық Азия халықлары әдебиятында ең елеўли ўақыялардың бири, бул Президентимиз пәрманы менен "Жәҳән әдебияты" журналының шөлкемлестирилиўи болды. Бул журналда пүткил жәҳән әдебияты дүрданаларының қатарында ХХ әсир қарақалпақ әдебияты үлгилерине де орын берилиўи дыққатқа ылайық нәрсе. Усы



www.ziyouz.com kutubxonasi

ўақытка шекем бул журналда әдебиятымыз ўәкиллери Т. Қайыпбергенов, И. Юсупов, М. Нызанов, О. Әбдирахманов, М. Жуманазарова, П. Мырзабаева, сондай-ақ, әдебий сыншы Қ.Оразымбетовлардың әдебий-көркем ҳәм илимий мийнетлериниң жәрияланыўы әҳмийетли мәселелердиң бири болды. Буннан басқа миллий әдебиятымыздың ўәкиллериниң көркем дөретпелериниң ҳәм илимий мийнетлериниң, соның ишинде, Т. Қайыпбергенов, Х. Сапаров, О. Әбдирахманов, Ж. Избасқанов, Т. Қабулов, М. Нызанов, С. Жумағулов, Б. Генжемуратов, С. Ибрагимов, Ш. Пайзуллаева, Ө.Өтеўлиев, А.Әбдиев, әдебиятшы алымлардан Қ.Жәримбетов, Қ.Оразымбетов, П.Нуржановлардың дөретпелериниң "Звезда востока", "Ўзбек тили ва адабиети", "Ёшлик", "Муштум", "Марказий Осиё маданияти", "Правда востока", "Ўзбекистон адабиёти ва санъати", "Миллий тикланиш" ҳ.т.б баспа орынларда жарыққа шығыўы миллий көркем әдебиятымыз үлгилериниң, олар ҳаққында пикирлердиң пүткил Орайлық Азия көлеминде таралыўына хызмет етти.

Бул жерде бир айта кететуғын нәрсе, тап "қайта қурыў" деп аталған дәўирде де көплеген жазыўшыларымыз, әдебиятшы-илимпазларымыз тәрепинен дурыс қабыл етилмеген, ҳәттеки, айырымлары тәрепинен бийкарланған көркем дөретпелердиң ғәрезсизлик жылларында өз алдына китап болып басылып шығыўы, ҳәтте, олардың пүткил Өзбекстан көлеминде танылыўы дыққатқа ылайық ўақыялардың қатарына киреди. Солардың бири — белгили жазыўшы О. Әбдирахмановтың "Босаға" романы.

О.Әбдирахманов қарақалпақ мәдениятында прозаик, драматург, публицист, киносценарист сыпатында белгили орынға ийе көркем сөз шебери. Оның "Аралым-дәртим мениң" эссеси ЮНЕСКО сыйлығына миясар болды. Публицистикалық мақалалары "Халқ сўзи", "Народное слово" газеталарында басылмақта. Ал оның "Гүм-Гүм", "Арал-қум" ҳ.т.б. кинолары халық-аралық дәрежедеги фестивальларда көрсетил-



www.ziyouz.com kutubxonasi

мекте. Ал, оның жоқарыда аты аталған "Босаға" романы қарақалпақ миллий романшылығына жаңалық алып келди,- десек асыра силтеген болмаймыз. 1980-жыллардың екинши ярымында бул роман жөнинде жазыўшылар аўқамында , "Әмиўдәрья" журналы, "Еркин Қарақалпақстан", "Устаз" газеталарында тартыслы пикирлер, мақалалар жәрияланды. Айырым жазыўшы ҳәм әдебиятшыларымыз бул романды пүткиллей бийкарлаўға дейин барды. Соған қарамастан, жазыўшы бул романды қайта ислеп, дәслеп өз алдына китап, кейин "Жәҳән әдебияты" журналында (1993, №3-4 сан). М. Тенглашевтиң аўдармасында бастырып шығарыўға еристи. *Бул нәрсе әдебий-көркем прозамызда елеўли ўақыя болғанлығын* айтыўымыз керек. Себеби, миллий мәдениятымыздың көпшилик ўәкиллери тәрепинен еле дурыс түсинилмеген, елеге шекем өзиниң әдил баҳасын ала алмаған роман өзбек китап ықласбентиниң әдил сынағынан өтиўге мүмкиншилик алды. Сондай-ақ, бул романның кейинги дәўирде жас әдебиятшы Н.Орынбетованың кандидатлық диссертациясында арнаўлы түрде изертлениўи дыққатқа ылайық нәрсе[1].
Қарақалпақ әдебий-көркем прозасында 1990-жылларда сатира ҳәм юмор жанрын раўажландырыўды М. Нызанов, С. Жумағулов, Б. Қазақбаев, К. Ерназаровлардың үлеси үлкен болды. М. Нызановтың повестлери "Ўзга саёрада етти кун" деген ат пенен өз алдына китап болып өзбек тилинде, ал, оның гүрриңлери "Жәҳән әдебияты" "Муштум" журналларында басылды. Ал, С.Жумағуловтың "Акам уйланди" повестиниң "Ёшлик" журналында, гүрриңлериниң «Муштум», "Ёш куч" журналларында жарық көриўи ғәрезсизлик дәўири прозамыздың дыққатқа ылайық ўақыяларының бири болды. Сондай-ақ, М. Нызанов пенен С. Жумағуловлардың ғәрезсизлик дәўириндеги қарақалпақ драматургиясын раўажландырыўдағы хызметлери оғада салмақлы болды. Олардың

[1] Орынбетова Н. 1980-жыллардағы қарақалпақ романында характер мәселеси. Филология илимлериниң кандидаты дәрежесин алыў ушын жазылған диссертация. Нөкис,1999



www.ziyouz.com kutubxonasi

айырым пьесалары Өзбекстан, қоңсылас Түркменстан, Қазақстан республикаларында қойылып, қарақалпақ миллий мәдениятын және де кең түрде таратыўға хызмет қылды.

Миллий көркем прозамыздың және бир ўәкиллери болған С.Исмайлов, А.Әбдиевлердиң повесть хәм гүрриңлериниң Өзбекстанның «Ёшлик» "Ёш куч" хәм т. б. баспаларында жарық көриўи жаслар прозасында елеўли нәрсе болды. Мәселен, А. Әбдиевтиң «Эрен сақый» повести, сондай-ақ, оның айырым гүрриңлери өзбек тилинде басылып, бул туўралы айырым өзбек әдебий сыншылары пикир билдирди.

Ғәрезсизлик дәўиринде хәзирги күн темасына арналып жазылған идеялық хәм көркемлик қуны жоқары дөретпелердиң бири К. Алламбергеновтың «Дәрья тартылған жыллар» романы. Бул дөретпе кең жәмийетшилигимиз тәрепинен қызғын түрде күтип алынды. Романда тубалаўшылық дәўири жәмийетшилигинде жынаятшылықтың өсиўи менен экологиялық апатшылық бир-бири менен байланыста сүўретленеди. Адам баласы менен тәбияттың өз-ара қатнасын сүўретлеўде К. Алламбергенов үлкен тәжирийбеге ийе. Ол бул темаға арналған «Жер монологы», «Күшик хәм бала», «Хақыйқатлық фантастикасы», «Ыза» атлы гүрриңлеринде, «Дәрбент», «Өмир мәўритлери» романларында, «Қуслар қайтқан күн» повестинде тәбият хәм инсан проблемалары мүмкиншилиги болғанынша хақыйқат түрде сүўретленгенлигин атап өтсек болады. Жазыўшы өз тәжирийбесин және де арттырып, тоталитар жәмийеттеги адам хәм тәбият арасындағы шийеленискен қатнасықларды сүўретлеўге арналған «Дәрья тартылған жыллар» романын 1992-жылы «Қарақалпақстан» баспасында бастырып шығарды. Жазыўшының шеберлиги, романның актуаллығы баҳаланып, бул роман 1993-жылы Бердақ атындағы мәмлекетлик сыйлықты алыўға миясар болды. Усы себепли бул роман жөнинде мақалалар баспадан шықты[1]. Бул мақалалардың барлығында, дерлик, романның көтерген

---

[1]Бахадырова С. Дәрья тартылған жыллар. "Қарақалпақстан жаслары", 1993, №217; Сейтов Ш. Исмайлов С. Хақыйқатлық жолында "Қарақалпақстан жаслары", 1993, №9;



www.ziyouz.com kutubxonasi

проблемасынын әхмийетлилиги, жазыўшынын шеберлиги көрсетилип өтилген. Егер де 1980-жыллардын басында-ақ Т. Қайыпбергеновтың «Көздиң қарашығы» дөретпеси аўыл хожалығындағы жынаятқа толы ҳәрекетлерди экологиялық апатшылық пенен байланыслы түрде ҳақыйқатлық пенен сүўретлеген болса, 1990-жыллардын басында К. Алламбергенов бул теманы және де толықтырды, оригинал шығарма дөретти. Роман «Қәўетерли соқпақлар», «Ҳүждан иси» деп аталған еки китаптан ибарат. Оқыўшы дөретпени оқыў арқалы сол тубалаўшылық жылларында-ақ адамгершилик ҳүжданына дақ түсирмей ҳақыйқатлық ушын гүресиўшилердиң де аз болмағанлығын Назар бағман, Жалғас Назаров, Тәжибай ата, Бийбигүл, Бабажановлар образларында шебер бере алған. Романнын бас қаҳарманы Жалғас Назаров пенен қара басынын ғамы ушын жынаяттан да қайтпайтуғын Әбдибай бригадир, Жәримбет баслық, нызам қорғаўшысы Өмирбай Оразбаев, Сейтмурат Әбдикаримов, Генжебай Ҳакимов, Асанбай Қарабаевлар арасындағы конфликтлер суўретленген дәўирдиң бар ашшы ҳақыйқатлығын ашып таслайды. Бунда жазыўшы тәрепинен ислетилген диалоглар, психологиялық суўретлеўдиң әлўан түрлери, авторлық сыпатламалар, ретроспекциялық сүўретлеўлер жазыўшынын идеясын оқыўшыға жеткериўге хызмет ислейди. Роман 1980-жыллардын ақыры, 1990-жыллардын 1-ярымындағы қарақалпақ прозасындағы айырықша қубылыслардын бири болды.

Ал, жазыўшыларымыз А. Халмуратовтын, Ҳ. Айымбетовтын, С. Исмайловтын роман, повестьлерине ҳәм жас жазыўшылардын бир қатар гүрриңлерине келетуғын болсақ, олардын мазмун ҳәм форма, жанры ҳәм стиль саласындағы изленислериниң нәтийжеси болғанлығын атап өтиўимиз керек. Бул дөретпелер реализмниң турмыс шынлығын сүўретлеўдеги принциплерине сүйенип жазылған ба ямаса басқаша бир умтылыс я изленистиң нәтийжеси ме? Биз жүдә тез-тез тилге алатуғын реализм дегенниң өзи не? Оның қандай сүўретлеў принциплери бар? Реализм принциплери өзлерин усы метод-



www.ziyouz.com kutubxonasi

тың ўәкиллери деп есаплаған жазыўшылардың ең сийрек ушырасатуғын ашылыўлары тәжирийбесин улыўмаластырыў, олардың ҳәммесине тән болған қәсийетлерди анықлаў арқалы жүзеге шыққан" (6). Усы пикирди айтқан С. Содиқ рус илимпазы С. М. Петровтың "Реализм" атлы китабында усы методтың төрт принципиниң атап өтилгенлигин көрсетип өтеди[1]. Рус илимпазы бул принциплерди жәҳән әдебияты тәжирийбесин улыўмаластырыў нәтийжесинде ғана көрсете алған. Бул принциплерге турмыс шынлығын универсаль түрде сүўретлеў, жәмийетлик ҳәм психологик детерменизм (көркем дәлиллеў), тарийхыйлық ҳәм обьективлик ҳ.т.б киреди. Әлбетте, "Реалистлик дөретпе жаратыў ушын көркем сөз устасы усы принциплерди ядлап алып, олардан қәлип сыпатында пайдаланыў ямаса турмыс ҳәдийселерин алды бурын белгиленген текшелерге жайластырыўы шәрт емес. Жәмийет, тәбият, ой-пикирдиң раўажланыў нызамлылықларын дурыс аңлаў ҳәм оны көркем ҳақыйқатлыққа айландырыў ушын образлы гөззал форма табыўдың өзи де жоқарыдағы принциплердиң жарыққа шығыўына жол ашады"[2]. (7) Бирақ та, биз коммунистлик идеологияның ҳәўиж алған 1970-90 жыллар аралығында жәмийет, тәбият, адамзаттың ой-пикир раўажланыўының нызамлылықларын дурыс сәўлелендирдик пе?

Бизиң көркем сөз усталарымыз буған толық ерисе алмады. Гәптиң ҳәммеси усында. Негизинде, буған бир тәрептен өмир сүрип турған рәсмий сиясат жол қоймағанлығын, екинши тәрептен, көркем сөз усталарымыздың ишлей толық еркин болмағанлығы, турмыс ҳақыйқатлығын, көбинесе, бир тәреплеме сүўретлегенлигин бүгин ғана аңлап ҳәм усыны ашық айтыўға мүмкиншилик алып отырмыз. Усы көз-қарастан, қарақалпақ прозасында 1980-жыллардың 2-ярымы ҳәм 90-жыллардың басынан баслап реализмниң жоқарыдағы прин-

---

[1]Санжар Содиқ. Ўзбек адабиёти бўйича маърузалар матни. Тошкент. "ЎзМУ нашриёти",1994. 16-бет.

[2]Көрсетилген мийнет. 16-бет.



www.ziyouz.com kutubxonasi

циплерине дурыс әмел қылған көркем дөретпелердиң көбейгенлигин атап өтиўимиз керек. Ал, 1990-жыллардың 2-ярымында болса, бул принциплерге ондай сәйкес келе бермесе де, адам баласының бүгинги қурамалы тәбиятын, оның умтылысын ашып бериўге талпыныўдың жемиси сыпатында пайда болған дөретпелер көрине баслады. Мәселен, А. Халмуратовтың «Тәғдирлес», «Жәннет бағы» дөретпелерин алып қарайық. Автор биринши дөретпесин 1990-жыллардың басында-ақ «Әмиўдәрья» журналының бетлеринде жәриялап, онда инсан баласының өзин қоршаған тәбияттың жағдайынан тиккелей ғәрезли екенлигин исенимли түрде сүўретлеген еди. Автор бул темаға романтикалық стиль көз-қарасынан жантасқан. Бул ҳаққында жазыўшы дөретиўшилигинен изертлеген алым А. Әбдиев: «Автор менен мәсләҳәтлескенимизде повестьтиң («Тәғдирлес»—Н.П.) дәслепки нусқасының илимий фантастикалық шығарма екенлигин айтты. Бирақ, реализм методы «қәлибине» түспеген бул шығарма көп тосқынлықларға ушырап, ўақтында басылмаған ҳәм автор дөретпесин пүткиллей қайта ислеўге мәжбүр болған»[1]—деп жазады. Повестьте тийкарынан «...инсан, оның жәмийет пенен бирлиги ҳәм басқа мәселелерди ашып бериўге кеўил аўдарылады. Автор зәҳәрли, қорқынышлы жыланға айналған Назлыгүлдиң, сондай-ақ, өмирдиң палын тата алмай, бәрқулла, азап-ақыбетлерин шегип, гүлдей өмирлери солған Жанназар, Шәрийпалардың, дийўанашылық пенен өмирин өткизген Жыға кемпирдиң, өмиринше соқырлықтың зардабын шеккен Қанназардың аянышлы тәғдирлерин сүўретлеў арқалы адамлардың бир-биреўге мийримсизлигиниң, зулымлығының қандай ақыбетлерге соқтыратуғынлығын көрсетип, оқыўшы қәлбинде адамға деген меҳир-муҳаббаттың, адамгершилик сыяқлы инсаныйлық пазыйлетлердиң пайда болыўына тәсир етеди.[2] Автордың 1998-жылы жарық көрген

[1]. Әбдиев А. Қарақалпақтың әдебиятында фантастикалық жанрдың пайда болыўы ҳәм қәлиплесиўи. Филология илимлериниң кандидаты дәрежесин алыў ушын жақланған диссертация. Нөкис, 1995, 93-бет.

[2]Әбдиев А. Көрсетилген диссертация, 94-бет.



www.ziyouz.com kutubxonasi

«Жәннет бағы» романында адам ҳәм оны қоршаған әлемниң байланысы, адам өмириниң мәниси, оның умтылыслары, тилеклери ҳ.т.б. улыўма инсаныйлық мәселелерди көтерип шығады. Бул роман қарақалпақ прозасында өзиниң проблемасы, идеясы ҳәм формасы, жанрлық, стильлик изленислерге байлығы жағынан жаңа бир бағдарды баслап бергендей. Усындай болса керек, романның оқыўшыға түсиникли болыўын тәмийинлеў ушын редакция оны «Алғы сөз» бенен тәмийинлеп, бизиңше дурыс ислеген. Себеби, қарақалпақ китапқумарлары буған шекем усындай проблеманы көтерип шыққан ҳәм өзине тән баянлаў техникасына ийе, көбинесе, қаҳарманның ишки психологиялық кеширмелерин сүўретлеўге арналған, көркем қурылысында реаллық пенен фантастикалық ҳәм мистикалық сыпатлардың биригип кетиўинен дөреген шығарманы қабыл етиўге ондай таяр еместей еди. Бирақ та, бундай дөретпениң жәрияланыўы оғада зәрүр нәрсе. Себеби, реалистлик романның дәстүрий баянлаў усылына, қаҳарманларының унамлы ҳәм унамсыз етип бөлиниўине, олардың қатаң гүресине тийкарланған конфликтке, персонаждың ҳәр бир ҳәрекетиниң қатаң түрде көркем дәлиллеп бериliўине (бул нәрсе әдебияттаныўда жәмийетлик ҳәм психалогиялық детерменизм деп аталады—Н. П.) үйренип қалған китап оқыўшылары турмыс шынлығын мистикалық, *фантастикалық, мифологиялық көз-қарастан сүўретлеў дәстүриниң* жемиси болған дөретпеге де үйрениўи, оны түсиниўи, оннан эстетикалық заўық алыўға қәлиплесиўи керек,—деп ойлаймыз. Сонда ғана, китап оқыўшылары романның бас қаҳарманы художник Артур өмиринше бас қатыратуғын: «Бизди қоршаған шексиз әлемде орнымыз қандай? Азлыкөпли өмиримизде тийкарғы мақсетимизди белгилеп алмай, өмиримиздиң көп бөлегин бийҳуўда өткерип коймаймыз ба? Жасамақтағы мақсет не?»(8)—деген сораўлар үстинде аз да болса ойланатуғын болады.

А. Халмуратовтың романда көтерген темасы жаңа, образлар дүньясы, олардың индивидуаль сыпаты, умтылыслары,



www.ziyouz.com kutubxonasi

тилеги прозамыздағы бурыннан бар персонажлардың руўхый дүньясына усамайды. Ўақыялардың биринши беттен баянланыўы, көркем ўақыт ҳәм мәкан категорияларының романның баянлаў техникасында баслы орынды ийелеўи, автордың қаҳарманның ишки дүньясының елеспесиз өжирелерине шекем үңилиўи ҳ.т.б. көркем қәсийетлер жазыўшының шеберлик сырларын пухта ийелегенлигинен дәрек береди. Буның үстине, оның улыўма инсаныйлық проблемаларды көтериўде суфизм тәлийматына, олардың жарқын ўәкиллериниң идеялары менен пикирлерине сүйениўи жазыўшының бурыннан сыйқағы шыққан дәстүрден қашыўға умтылып атырғанлығынан ҳәм бул жолда белгили дәрежедеги табысларға ерискенлигинен дәрек береди.

Улыўма инсаныйлық проблемаларды көтериўде ҳәм оны тартымлы көркем тил менен сүўретлеп бериўде С. Исмайловтың «Жүрек галактикасы» романы, «Пайғамбар ҳәм шайтанлар» фантастикалық повести де дыққатқа турарлық. Романда экологиялық, адамгершилик, муҳаббат машқалалары менен бир қатарда тыныштлық мәселесине де бас дыққат аўдарылады.

Мәселен, Бундағы "Дәўкескен", Тамараның анасы айтып берген "Фаэтонның қыйраўы" әпсаналарында, Цефей шоқ жулдызындағы планетаның қайғылы тәғдиринде, Баҳадырдың атасы Кәримниң басынан кеширгенлеринде ҳ.т.б. ўақыт, эпизодларда парахатшылық мәселеси көтерилген. Буның үстине автордың бул фантастикалық романында тубалаўшылық дәўириниң кемшиликлери үлкен сын астына алынғанлығын көремиз. Соңлықтан да изертлеўши А.Әбдиевтиң... Биз романды (Жүрек галактикасы—Н.П.) таллаў арқалы онда тубалаўшылық дәўириндеги өрескил кемшиликлердиң бет пердесиниң өткир сатира, юмор менен ашып тасланғанлығының гуўасы болдық, әсиресе, шығарманың 2-3 бөлимлеринде әшкаралаў хәўижге минген. Қайта қурыў, демократия, басла сөз еркинлиги берилсе де, еле ашық пикирге түсаў бар. 1989-жылы усы дөретпениң 2-3 бөлимлери жәрияланбай, тек 1-бөлими ғана повесть сыпатында "Әмиўдарья" журна-



www.ziyouz.com kutubxonasi

леринин тәсири нәтийжесинде саналы гүресшеңге айналады, елде революцияның жеңисин тәмийинлеўге жедел түрде қатнасады. Буған қосымша Ислам дини ўәкиллери тек унамсыз қаҳарманлар иретинде сүўретленеди, оларға қара бояў аямастан жағылады, олар байлардың ең жақын жәрдемшилери болады ҳәм т.б. Бирақ та, биз жоқарыдағы идеологиялық қәлипти бузып, Октябрь аўдарыспағына, патша Россиясы менен қарақалпақлардың 1873-1917-жыллардағы қарым-қатнасына байланыслы ўақыяларды жаңа заман, жәриялылық, демократизм көз-қарасынан ҳақыйқат түрде сүўретлеўдиң ўақты жетти, — деп ойлаймыз. Усы көз-қарастан Ҳ.Ҳәмидовтың "Ушқын" романы дыққатты өзине тартады.

Роман ўақыяларының орайында кәмбағал Аманбай ҳәм оның шаңарағының революцияға дейинги аянышлы аўҳалы турады. Аманбай патша Россиясының, шығарма қаҳарманларының тили менен айтқанда, "ең шетки ҳәм артта қалған үлкеси" болған Шымбай елинин турғыны. Ол өзиниң жақын әмекиси Нурылла байдың оты менен кирип, күли менен шығады. Бундай ислемеске оның илажы да жоқ. Себеби, ол жасаған аўылда Нурылла байдың демине нан писеди. Бий тек жергиликли ҳәмелдарлар менен ғана емес, ал ҳәттеки , патша Россиясының тиреги болған Шымбай оязының ҳәкими менен сондай-ақ, Ибрайым болыс пенен де аўыз жаласып кеткен. Сонлықтан, ол не айтса да орынланады. Усыған қарамастан, бай өзиниң жақын ағайини Аманбайдың басына аўыр ис түскенде, оның бала-шағасын қул етип жумсайды, азғантай жерин де тартып алады. Демек, жергиликли бир әпиўайы дийқан шаңарағы еки жақтан искенжеге түседи: бир тәрептен, Патша Россиясы әскерлери шаңарақ баслығы Аманбайды Төрткүлге түрьмаға қамайды, екинши тәрептен, аўыл байы кәмбағалдың улы менен қызын есигинде жумсайды, жалған ҳүжжетлер дүзип, жерин өзине қосып алады. Бул жерде соны айтыў керек, XX әсир қарақалпақ әдебиятында көплеген тарийхый темаға арнап жазылған шығармаларда патша Россиясы қарақалпақлардың жерин басып алғаннан кейин тек ғана



www.ziyouz.com kutubxonasi

әдил сиясат жүргизгендей, ол сиясатқа хеш қандай карама-қарсылық болмағандай, ҳәмме адамлар тек туўысқан болып жасағандай, қой үстинде торғай жумалаған заман болғандай етип сүўретленер еди. (Әлбетте, Қ.Әўезовтың "Тилек жолында" (17) дөретпеси буған кирмейди) Кейинги дәўирде жәрияланып атырған тарийхый ҳүжжетлер булардың ҳақыйқатлыққа сай емеслигин көрсетти. Егер де қарақалпақ драматургиясының тийкарын салыўшылардың бири, белгили мәмлекетлик ҳәм жәмийетлик ғайраткер Қ.Әўезов 1920-жыллардa-ақ өзиниң "Тилек жолында" драмасында революцияға дейинги қарақалпақ гедейлерин езиўде тек жергиликли байлар ғана емес, ал патша ҳәмелдарларының да қарыў салғанлығын ҳақыйқат түрде көрсете билсе, жазыўшы Ҳ. Ҳәмидов 1990-жылларға келип, Шымбай елатындағы, улыўма, қарақалпақ жериндеги патша Россиясы ўәкиллерине тән болған унамсыз ҳәрекетлерди, олардың парахорлығын, зулымлығын биринши мәртебе кең эпикалық формада көрсете билди. Демек, тарийхый ҳақыйқатлықты көркем ҳақыйқатлыққа айландырыўда Ҳ.Ҳәмидов өзиниң кәлемлеслеринен басқаша жолды ашшы шынлықты айтыўдан шегинбеў жолын тутқанлығы көринип турады. Сондай-ақ, бул теманың Ә. Пахратдиновтың "Өмир соқпақлары" дөретпесинде де сүўретлениўи жазыўшыларымыздың 1873-1917-жыллардағы дәўирдиң көркем ҳақыйқатлығын бериўге шынтлап бет бурғанлығынан дәрек берсе, екинши жағынан, әлбетте, буның ҳәммеси жәриялылық, ғәрезсизлик заманының унамлы нәтийжесин көрсетеди. Деген менен де, қарақалпақ халқы тарийхындағы 1873—1917-жыллардағы "ақ дақлар" көркем әдебиятымызда өзиниң ҳақыйқат сәўлелениўин еле де кеңирек түрде табыўы тийис. Қазақ, өзбек ҳ.т.б. Орайлық Азия халықлары әдебиятларында бул жолда үлкен табыслар қолға киргизилди. М. Әўезовтың 1921—1947-жылларда жазылған "Аўыр жыл", "Асыўдағы атыс" повестьлери, "Барымта", "Жаза" гүррилери, өзбек жазыўшысы А. Шолпанның 1930-жылларда-ақ дөретилген "Түн ҳәм күн" (18) романын айтыўдың өзи



www.ziyouz.com kutubxonasi

де жеткиликли. Әлбетте, бунда заманымыз көтереди, деп шығармадағы Патша Россиясы ўәкиллерине тек қара бояў жаға берместен, олардың унамлы ҳәм унамсыз ҳәрекетлерин исенимли түрде сүўретлеў дәўир талабы болып есапланады. Бул нәрсени Ҳ. Ҳамидовтың "Ушқын" романы кеширек болса да, миллий романшылығымызды баслап бергендей. Роман еле жазып тамаланбаған китаптың биринши бөлими ғана. Соңлықтан, романның тийкарғы қаҳарманларының бири болған Асқардың революция идеялары менен танысыў өзиниң дәслепки басқышларында үзилип қалады. Бирақ та, бул роман ҳәзирги ҳәм келешек дәўири ушын жүдә әҳмийетли болған бир идеяны өзинде жәмлеген. Бул айырым топарлардың, шахслардың қарақалпақ жеринде бурыннан туўысқандай болып жасап киятырған хәр түрли миллет ўәкиллериниң арасына от таслаў, сол арқалы оларды жаўластырып, өз мәплерине пайдаланыў қусаған хәрекетлерди қаралаў идеясы. Бул идея қарақалпақ фольклоры дөретпелеринен баслап, ҳәзирге шекемги жазылған әдебий шығармалардың өзеги болып келди, келешекте де усылай болыўы тийис. Сөз етилип атырған романда Әмиўдәрья бөлиминиң баслығы Музаффат ҳәким болыс Ибрайым ҳәм қазақ Қарабала арасында келип шыққан жәнжел туўралы ойласыўға келген Шымбай Оязының—биз бул әтирaптағы ала-қула, әрре-тәрре қәўимлерди пайдалы мақсетлеримиз ушын жәмлеймиз"—деп оларды өзимизге қарсы бириккен күшке айландырып алыў қәўпи жоқ емес. Соның ушын... ўақты-ўақты олардың бирин-бири шайнап ғайзағаны бизиң ушын онша зыян емес".("Ушқын" —Нөкис, "Қарақалпақстан"—1993, 139-140-бетлер) деген сөзлерин дыққат пенен тыңлайды. Патша Россиясы ҳәкимлериниң жергиликли халыққа деген бундай қарым-қатнасы туўралы белгили тарийхшы А. Бирзе (19) 1930-жылларда-ақ өзиниң қарақалпақларға байланыслы жыйнаған тарийхый материалларға жазған "Алғы сөз"инде ашшы хақыйқатлықты жазған еди. ("Красный архив" 1938, №8, 225б). Оның жазыўынша, қазақ ханы Абулхайырдың өзине бағынбаған қара-



www.ziyouz.com kutubxonasi

қалпақларды ара-арасында жазалап турыўы Ақ патша сиясатына карсы келмес, керисинше, қол астындағы қәўимлерди бир-бирине қарсы қойып урыстырып, ҳәлсиретип, өзине қарсы шығыўға ҳалын келтирмеўге қаратылған сиясатына жүдә сай келер еди. Ҳ. Ҳамидовтың "Ушқын" романында да Шымбай оязына қараслы болған болыс Ибрайым менен базар ағасы, миллети қазақ Қарабаланың бирин-бири түсинип, биригиўинен гөре, бир-бири менен жаўласып, ҳәлсиреўи Әмиўдәрья бөлими Музаффат ҳәкими ҳәм Шымбай оязы ҳәкиминиң тутқан сиясатына толық жуўап берер еди. Демек, биз "Ушқын" романының қурамалы сюжетиниң бир бөлеги патша Россиясы ҳәкимлериниң жергиликли халықларға қатнасын сүўретлеўин қарап шыққанымызда автордың тарийхый шынлыққа ҳақыйқат түрде жантасқанлығының гуўасы боламыз.

Ҳ. Ҳамидовтың "Студент қыз" повестиниң сюжетиниң орайында әдеп-икрамлылық, мораль проблемасы турады. Дөретпениң атынан көринип турғанындай-ақ, повесть студентлер турмысынан алып жазылған. Онда Рәҳийма атлы қыздың Салый деген хожалықлы, үй-жайлы жигитти жақсы көрип қалыўы, оның менен жақынласыўы ҳәм усыған усаған байланыслы қаҳарманның турмысындағы азаплы кеўил кеширмелери сүўретленген.

Рәҳийма сәтсиз шараяттан жол таўып шығыўға урынады. Бирақ, бул оның қолынан келмейди. Ақырында Рәҳийма өзгеше бир жолды танлайды өзин сүймеген адамына бериўге умтылған ата-анасынан да, сүйиклисинен де ғәрезсиз жасаўды мақул табады. Повесть сюжетиниң шешиминде айтылғандай, Рәҳийма өз тәғдирин өзи шешеди, сүйиклисинен болған бала менен ҳеш кимнен ғәрезсиз, өзинше жеке турмыс кешириўге бел байлайды.

Әлбетте, повесть сюжетине тийкар болған драматик сыпатқа ийе ўақыялар турмыста көплеп ушырасады. Автордың, көбинесе, сүўретленген ўақыя емес, ал оның ақыбети, усындай қыйын шараятлардағы қаҳарманның кеўил кеширме-



www.ziyouz.com kutubxonasi

лери, руўхый ҳалаты, жол табыўға урынып азапланыўлары, оған ҳәр түрли персонажлардың карым-катнасы кызыктырады.

Бизиңше, автор батыл сыпатка ийе, кыйналғанда дурыс жол таба билетуғын, мәрт кыздың характерин жасаўда бир канша табысларға ерискен.Сонлыктан да, ҳәзирги жәмийетлик турмыстың контекстинде Рәҳийманың образы үлкен тәрбиялык әҳмийетке ийе. Себеби, биз бүгин ески кәдирятларымыздың умытылған тәреплерин кайта тиклеўге, ата-бабамыздан киятырған дәстүримизди саклаўға ғалаба түрде умытылып атырмыз, бирак та, мәселениң екинши тәрепин естен шығарып койғандаймыз. Ески дәстүримиз буннан әлле кашан бурын пайда болған, ўакыттың өтиўи менен ол адамлардың талап дәрежесине сай өзгерип отырыўы, консервативлик сыпатлардан тазаланып турылыўы, өмиршең болыўы шәрт. Адамлардың әсиресе, жаслардың умытылысына, тилегине жуўап бермейтуғын, катып калған дәстүрлерге карсы гүресиў артыкшалык етпейди. Бул нәрсе, әсиресе ҳаял-кызлардың тәғдирине байланыслы. Бизиңше, ҳәзирги дәўирде олардың турмысына байланыслы жәмийетимизде еки унамсыз бағдар бар: биринишиси — ески үрип-әдетти сылтаўлап, олардың еркинлигин шеклеўге умтылыўшылык, екиншиси — "ҳаял-кызларымыз ҳәмме нәрсени өзлери шешиўи тийис, олар ҳәмме нәрседе пүткиллей еркин болыўы лазым",— деп тәртип-интизамды умытыў, европаша эмансипация деген түсиникке киретуғын принциплерди Шығыс хаял-кызларына зорлап таңыўға умытылыўшылык. Мине, усы бағдарлар контекстинде Ҳ. Ҳамидов жараткан Рәҳийма образының өзиншелиги аныкланады. Повестьтиң идеясының айрыкшалығы сонда, ол "ҳеш кандай шараятты бәнелеп, инсан өмирине, нәресте өмирине кыянетшилик ислеўге болмайды"— деген уллы идеяны алға сүреди.

Биз атордың повесть сюжетиниң тийкарына әдеп-икрамлылык мәселесин аркаў етип ала отырып, ўакыяларды сүўретлеўге ыктыятлылык пенен катнас жасағанлығына исеним



www.ziyouz.com kutubxonasi

хасыл қыламыз. Персонажлардың хәрекети көп жағдайда исенимли шығады, сюжеттиң оқыўшы инанбастай бурылысларын, тосаттан болатуғын ўақыяларды, үрип-әдетке қайшы келетуғын детальларды ушыратпаймыз. Хәмме ўақыялар избе-из өз желисин бузбай сүўретленген.

"Студент қыз" повестиниң ўақыялары, көбинесе, үшинши беттен--автор тилинен баянланады, айырым жағдайларда, персонажлардың диалоглары арқалы бериледи. Хәтте бас қахарман Рәхийманың пинхәми нәзик сыры да ашық түрде, оның өз сөзлери арқалы бериледи. Бул нәрсе Х. Хамидов прозасының өзгешелигин, онда эпикалық бағдардың лирико-психологиялық бағдардан үстемлигин белгилеп береди. Ал, хәзирги қарақалпақ прозасында болса, әдеп-икрамлылық мәселесин көтерген көплеген повестьлерде қахарманның ишки кеўил-кеширмелерине көбирек орын бериледи, шығарма ўақыялары көп жағдайда биринши беттен баянланып, лирикалық сыпат күшейтиледи. "Студент қыз" повестинде сюжеттиң тийкарын қураған мәселениң өзи лирико-психологиялық сыпатқа ийе болса да, автор дөретпениң эпикалық характерин күшейтетуғын баянлаў усылын таңлаған. Бул нәрсе Х. Хамидовтың ири сүйекли эпикалық дөретпелерди жазыўға бет бурғанлығынан, оның қәлеминен келешекте ўақыяларды кең қамтып алып, оны өзиниң бар кескинлиги менен сүўретлейтуғын шығармалардың дөрейтуғынлығынан дәрек береди.

Жуўмақлап айтқанда, Х. Хамидовтың "Студент қыз" повестиниң жарыққа шығыўы қарақалпақ прозасында әдеп-икрамлылық проблемасын көтерген Т.Қайыпбергенов, Ш.Сейтов, К. Мәмбетов, С. Салиев, У. Пиржанов, Қ. Камалов, К. Рахманов хәм тағы басқа жазыўшылардың повестьлериниң қатарына және бир сапалы дөретпениң қосылғанлығынан дәрек береди.

Тарийхый ўақыяларға арналған С.Бахадырованың "Тумарис хәм Кир", Ә. Пахратдиновтың "Сөйленбеген тарийх" романы, "Айдос бий хаққында әпсана" повести, жақын өтмиш ўақыяларын сөз ететуғын, Х.Айымбетовтың "Қарабуўра"



www.ziyouz.com kutubxonasi

романы хәм тағы баска дөретпелер жарыкка шыкты. С.Бахадырованың дөретпеси алыс өтмиштеги бабаларымыздың өмириндеги тарийхый ҳәдийселерге жаңаша қатнас жасаўы, мәрт патша хаял Тумаристиң ибратлы ислерин повесть жанрының мүмкиншиликлерин пайдаланған ҳалда көркем ҳақыйкатлыққа айландырыўға умтылыўы, Ә. Пахратдиновтың повести болса, белгили тарийхый тулға Айдостың хәм оның айланасындағы шараяттың драматизмге толы ўақыяларын халық раўаятларына сүйенген ҳалда сүўретлеп бериўи жағынан баҳалы. Бул дөретпелерде тарийхый ҳақыйкатлықты көркем ҳақыйкатлыққа айландырыўда аўыз әдебияты хәм реалистлик әдебият дәстүрлери, хүжжет хәм рәўият, олардың көркем-эстетикалык өзгешеликлери бир-бири менен өтлесип, карысып кетип, авторлардың идеясын бериўге хызмет етти.

Ҳ. Айымбетовтың "Қарабуўра" романы XX әсир қарақалпак спорт мәдениятты тарийхындағы үлкен орынға ийе, миллий палўаншылықтың абыройын пүткил Өзбекстан хәттеки, бурынғы Аўқам көлеминде көтере билген инсан Ө. Айтымовтың ибратлы ислерин сүўретлеўге арналған. Автор бул спорт устасы ҳаққындағы мағлыўматларды жетерли түрде жыйнағанлығы, оларды пухта үйренгенлиги көринип турыпты. Әсиресе, бул дөретпе Ө. Айтымовтың заманласларының еске түсириўлерин, архив материалларын, хәтте, оның палўанлық өнериниң пайда болыўы хәм камалға келиўи ҳаққындағы рәўиятлардың да шеберлик пенен пайдаланыўы жағынан дыққатқа сазаўар. Буның үстине, бул реалистлик романның қурылысына мистикалық, мифологиялық стильлерге тән дәстүр элементлериниң сиңдирилип жибериўи, бул жолда автордың оқыўшыны өзине тарта алатуғын баянлаў техникасын қолланыўы менен Ө.Айтымов ҳаққындағы шынлықтың китапхан санасында қәлиплесиўине тийкар салады. Әлбетте, бул жолда автордың кемшилиги де жок емес. Мәселен, романның Ҳ. Айымбетовтың бул жанрдағы дәслепки тәжирийбеси болғанлығы себепли болса керек, онда



www.ziyouz.com kutubxonasi

композицияның жыйнақсызлығы, шубаланқылығы, Ерназар шойыншы хаққындағы тотемистлик түсиниклердиң шеңнен тыс бөрттирилип бериллиўи, ең баслысы—қахарманның ишки дүньясына үңилиўди бас қахарманның характерин ашыўда көркем психологизми бул дөретпениң тийкарғы кемшилик-леринен болып табылады.

Биз әдебий талқыға тартып атырған дәўир ишинде эпиканың киши жанрлары болған гүрриң, новеллалар бойынша да көплеген жазыўшыларымыз қәлем тербетти. Бул жолда тәжирийбели көркем сөз усталарымыз Х. Сапаров, Г. Есемуратова, Ә. Атажанов, А. Халмуратов, М. Нызанов, А.Султанов, Е.Өтепбергенов, С.Жумағулов, К.Ерназаров ҳәм т.б. қатарына бир қанша жас жазыўшыларымыздың да келип қосылып, бул жанрларды дәўир талабына сай раўажландырыўға үлес қосып атырғанлығын айтып өтиўимиз керек. Мәселен, Ж. Өтениязов, А. Әбдиев, Ш. Пайзуллаева, Б. Нурыллаев, Г. Ибрагимова, М. Таўмуратов, Ҳ. Өтемуратова, А. Өтениязова, З. Бекбергенова, Н. Жаңабаева, А. Турекеева, Г. Зайтова ҳәм т.б. авторлар китапханлардың эстетикалық талғамын байытыўға турарлық дөретпелерди жарыққа шығармақта. Әсиресе, 1990-жылларда эпиканың бул киши жанрлары бойынша формалық, стильлик, жанрлық изленислердиң күшейиўи, олардағы лиризмниң артыўы, ықшамлылық ҳәм тужырымлылықты сақлай отырып, салмақлы идеяны бериўдиң мүмкиншилигинен пайдаланыўы, сондай-ақ, бул киши эпикалық жанрларға да публицистикалық сыпаттың сиңдирилип жиберилип, жаңаша бир изленислерге тийкар салынып атырғанлығы дыққатқа сазаўар. Бул жолда Ҳ.Өтемуратованың, А. Әбдиевтиң, Н. Жаңабаеваның, А. Турекееваның, Г. Зайтованың изленислери қуўатлаўға турарлық. Әсиресе, Ҳ.Өтемуратованың әдебий ҳәм илимий дөретиўшилиги, излениўшилиги жаслардың кейинги дәўирдеги ой дүньясында салмақлы орынды ийелейди. Ол—илим ҳәм көркем әдебият тараўында теңнен қәлем тербетип киятырған талант ийеси. Жақын жылларда ол қарақалпақ прозасында жаңаша



www.ziyouz.com kutubxonasi

бир стильлик ҳәм жанрлық изленислердиң жемиси болған «Бир кеса сүт сорап жүрмен», «Тамыннан түтин шығып турсын», «Герей хан», «ХХ әсир рыцары», «Шайыр қыз», «Душпан» ҳәм т.б. гүрриңлерди, «Қылкалы» повестин, «Ҳүрлиман» романын, «Тарийхый романлар поэтикасы» (20) монографиясын жарыққа шығарып, әдебиятымызда елеўли табысларды қолға киргизди. Соның менен бирге, гүррин жанрында А. Турекееваның «Исеним», «Ат қойыў», «Жүректе қалған дәрт», «Муҳаббат ҳеш нәрсени тыңламайды» (2001) Г. Зайтованың «Жигит жыламасын дүньяда», Н. Жаңабаеваның «Ҳаял қүдирети», М. Таўмуратовтың «Ақ түн көлеңкеси», Тиришилик туткасы», А. Әбдиевтин «Руўхый азап», «Эльза ханым», «Адам кеўли гүлден нәзик», «Дослар жүрегине қадалған оқ», З.Бекбергенованың «Ҳүждан азабы», Б. Есмурзаевтың «Иплас», сондай-ақ, тәжирийбели жазыўшылар К. Султановтың «Түйениң көпирден өтиўи», Е. Өтепбергеновтың «Ийтли-мышықлылар», Ә. Атажановтың «Қайтып келиў» (1996), «Жийде жегиң келе ме?» (1998) атлы гүррiңлер топламына кирген дөретпелери прозамыздағы бул киши жанрдың кейинги дәўирде де көзге түсерлик табысларды қолға киргизип атырғанлығынан дәрек береди.

Биз билдирип отырған дәўир әдебиятында мораль, әдепикрамлылық мәселесине арналған бир канша повестьлердин пайда болғанлығын атап өтиўимиз керек. Мәселен, Қ. Камаловтың «Өмир», Ж. Хошниязовтың «Жулдыз ағып баратыр», П. Мырзабаеваның «Топыраққа араласқан сыр», З.Бекбергенованың «Ҳаял тәғдири» ҳ.т.б. повестьлерде авторлар илажы барынша ўақыяларды қурғақ баянлаўдан қашып, қаҳарманның ишки ой-дүньясына, психологиясына кириўге, ондағы гүйзелис, руўхый азап, арпалыс, күйиниў, сүйиниў ҳәм т.б. адам сезимлерине байланыслы сыпатларды майда-шүйдесине шекем сүўретлеўге умтылады. Бул, әлбетте, жақсы. Бирақ, айырым авторларымызда адамның ишки ой-дүньясын өзиниң бар қурамлылығы менен бериўде тәжирийбениң еле азлығын, майда темалылыққа берилиўшиликти, повесть жан-



www.ziyouz.com kutubxonasi

рының мүмкиншиликлеринен пайдаланыўдың еле де жетиспейтуғынлығын, олардың мусылман халықларының жүрис-турысы, психологиясына ондай сәйкес келмейтуғын умтылыс, тилек ҳ.т.б. сезимлерди сүўретлеў жолында бир канша кемшиликлерге жол қойылып атырғанлығын айтыўымыз керек.

Әлбетте, биз сөз етип атырған ҳәзирги дәўир әдебиятындағы ҳәмме дөретпелерди сәтли жазылған шығармалардың қатарына қосыўымызға болмайды. Олардың көркем-эстетикалық дәрежеси ҳәр қыйлы. Роман, повесть, гүррин, новелла деп айдар тағып жарыққа шығарылған дөретпелердиң ҳәммеси бул жанрлардың талабына жуўап береди деп айта алмаймыз. Мәселен, жасы үлкен жазыўшыларымыз Ж. Сапаровтың «Султамурат бегтиң тарланы», «Бала бий ҳәкимнен кейин», А. Қудабаевтың «Қупыя сыр» ҳ.т.б. шығармаларда авторлар таңлаған жанрлардың қәсийетлери сақланбағанлығы, олардың көркем-эстетикалық қунлылығының төменлиги, шығармаларда көркем мазмун менен форманың бир-бирине сәйкес емеслиги, композициясының шубалаңқылылығы айтатуғын, ойларының гүмилжилиги байқалады.

Улыўма алғанда, ғәрезсизлик дәўири қарақалпақ прозасы бурын кол урылмаған темаларға, идеяларға кәлем тербетиўде, ел тарийхында үлкен орны бар тарийхый тулғалардың көркем образын жаратыўда, қаҳарман характерин жасаў жолында бурынғы қатып калған қағыйдалардан, стереотиплерден қутылыўда, жаңаша жанрлық, стильлик шоққыларды ийелеўде белгили табысларға еристи. Соның менен бирге, бул дәўир прозасының раўажланыўының еле де жоқары болыўына тосқынлық жасаған объектив ҳәм субъектив себеплер болды. Биринписине экономикалық қыйыншылық, қағаз қытшылығы себеп болса, екиншисине жазыўшыларымыздың өзлериниң жаңа дәўир талабына таяр емеслиги, эстетикалық ой-дүньясының бурынғы тоталитар жәмийетте орнығып калған кәлиплерден, догмалардан толық қутылмағанлығы, көркем изленисиниң төменлиги себеп болды. Демек, бул



www.ziyouz.com kutubxonasi

мәселелердиң ҳәммесин ҳәзирги заман талабына сай изертлеў—ҳәзирги әдебияттаныў илиминиң алдында турған кешиктириўге болмайтуғын ўазыйпалардың бири. Бул бағдардағы жумысты жоқары интеллектуаллық дәрежеде орынлаў ушын көркем әдебий дөретпелерди таллаўдың бурынғы идеалық қәлиплерден қутылған, әдебияттың эстетикалық қунлылығын социологиялық қағыйдалардан үстем қоятуғын, ҳәзирги жәҳән әдебияттаныў илиминиң жетискенликлери менен қуралланған илимий таллаўдың ҳәм талқылаўдың тийкарларын ислеп шығыўымыз зәрүр. Биз сонда ғана көркем әдебият пенен әдебият илиминиң раўажланыўының тең салмақлылығына келешектеги көркем әдебият пенен илимниң дурыс бағдарда раўажланыўына унамлы тәсир жасаған боламыз. Бул нәрсе ҳәр тәреплеме раўажланған, көркем эстетикалық дүньясы, руўхый әлеми жоқары дәрежеден әўладты тәрбиялаўға хызмет етиўи де сөзсиз.

## ЖУЎМАҚ

9 Биз өзимиздиң ғәресизлик дәўириндеги қарақалпақ прозасы хаққындағы пикирлеримизди жуўмақлай отырып, төмендегидей шешимлерге келиўге болатуғынлығын айтпақшымыз. Биринши ден, бул дәўирде, яғный, 1990-жыллардың биринши ярымында прозалық дөретпелер өз алдына китап, топлам сыпатында шығып турғаны менен, усы он жыллықтың екинши ярымына келип, қағаз қытшылығы себепли бул мүмкиншиликтен айырылғанымыз, усыған байланыслы жазып питкерилген прозалық дөретпелерди халыққа жеткериўде "Еркин Қарақалпақстан", "Қарақалпақстан жаслары": "Устаз" газеталары, "Әмиўдәрья", "Арал қызлары" журналлары, олардың редакторлары, редколлегия ағзалары, әдебий хызметкерлери үлкен әҳмийетке ийе жумысты атқарыўда әдебий көркем дөретпелерди кең халық жәмийетшилигине жеткериўде аянбай мийнет ислегенин атап өтпекшимиз.

Жуўмақлап айтқанда, Өзбекстан Республикасы өз ғәрез-



www.ziyouz.com kutubxonasi

